Dalah hantem diuber-uber kukupu teh teu beunang-beunang, atuh tungtungna mah Nyi Bungsu ge bosen, gek wae calik sisi empang. Handapeun tangkal bungur paranti ibuna suargi ngangin dina mangsa-mangsa ka tukang. Bari ngarasakeun tiisna angin nu tinghiliwir ngusapan kana salirana. Retnayu teu bosen-bosen ngangseuan kembang anu dikeukeuweuk tangkayanana. Atawa kana ciempang nu ngagenclang herang.

Kembang tarate warna kasumba jeung bodas tinggarupay ka-

was nu ngabageakeun ka nu geulis. Lauk mani tingsiriwik tingsuruwuk arudag-udagan jeung papada baturna. Memang pohara kajatina Nyi Wangi ku sagala kaayaan di patamanan teh, cacak saban enjing amengna ka dinya kadua Nyi Maya oge, nu geulis teh bet teu bosen-bosen. Sakali-kalieun osok oge ngarenghik ka pangasuh, nataroskeun ka mana ari ibuna, tapi Nyi Maya tara betus. Ana ngawalon cukup ku duka, atawa cenah ibuna mah keur nyaba ka Kahiangnan. Nu geulis kudu ngantos an da apan angkatna moal lami. Dina hiji mangsa oge hamo burung riung mungpulung deui.

Retnayu tara papanjangan mirengkeun waleran kitu ti pangasuhna teh, bubuhan Nyi Maya, bisa ngupah-ngapeh bisa mapalerekeunana nepi ka Retnayu lat ka ibuna nu tadina mah apan sakitu gentel keakna.

Sabot Nyi Wangi ngangin di sisi empang, torojol wae putri cikal kadua Nyi Tanjung, nyalampeurkeun ka Nyi Maya.

„Bibi!” saur Nyi Tongkeng, „di mana ari si bungsu?”

Leuleuy, sarehseh jeung bear naker budi putri cikal harita teh. Malah Nyi Maya mah nepi ka ngembang kadu awahing ku kaget-kagetna, atuda nu tara tea manehna mirengkeun putra ratu nu ieu kitu budi basana. Biasa mah sok heuras jeung teugeug, teu poho haok polotot. Ari harita, . . . memang tara-tara ti sasari. Kawas-kawas deuk maut nyere ka congona. Kawas-kawas hade mimiti tapi goreng ka tungtungna. Kitu pikiran emban teh.

„Itu Geulis”, tembalna bari nunjuk ka sisi empang.

„Eueuh, . . . keun wae ari aya mah”, saur Nyi Tongkeng deui. „Jung wae Bibi bisi maneh aya perelu sejen mah. Si bungsu deuk diajak ulin ku kami!”

„Tapi Tetch!” Sekar Tanjung nembrong. „Apan saur Ama oge si Nyai teu kenging pisah ti Bi Maya!”

„Heueuh tetch ge nyaho”, Nyi Tongkeng nyentar. „Tapi tetch dipiwarang ngasuh manehna ku Ibu. Ti mimiti poc ieu mah, tetch kedah ngabarengan wae Nyi Wangi, Bi Maya deuk sina ngurus pajuaran Ama saurna!”

„Tapi bibi diamanatan ku tuang Rama!” Nyi Maya nyambung catur.

„Tong rea bacot, Bibi! Kari kuma kahayang Bibi ayeuna mah,

naha deuk ngagugu ka Ama atawa ka Ibu?"

Kakara ge Maya engab sungutna, ngong nu sasauran di tukangeunana.

„Enya, Maya! Ti mimiti poe ieu mah maneh deuk dipernahkeun di pajuaran ratu wae. Ladenan anjeunna. Urus sagala kapalayna. Keun wae si bungsu mah kuma lanceuk-lanceukna. Ari hidep, Tanjung, gugu tah teteh! Baturan si bungsu. Arasuh ku duaan. Bebenjokeun ulah sina hayangeun tepang jeung Ama wae. Pan terang Ama teh teu damang. Karunya ka si bungsu bisi katularan!"

Boh Nyi Maya boh putri panengah, teu lemek teu nyarek deui mirengkeun nu sasauran teh, da eta teh pawarang. Tapi ingkah ge duanana teh henteu. Ngajarengjen wae di dinya bari malencrong ka Retnayu nu harita keur tonggoy neutep ciempang nu tingrariak katebak angin.

„Poe ieu maneh kawidian pikeun reureuh heula, Maya!" saur Pawarang deui. „Jung bisi hayang ulin di dayeuh. Ngan isukan, maneh kudu geus jogo ka kami. Geura mimitian ngawulaan ratu."

Nyi Maya ngalieuk deui ka Nyi Bungsu, terus nyembah ka pawarang terus amitan mundur. Kek kana panangan Nyi Tanjung nu harita ngan mencrong wae kana beungeutna. Diteueulkeun lalaunan. Kolesed wae, ngalengkah muru ka lebah empang tapi saur pawarang, „Montong Maya! Tong dideukeutan deui Nyi Bungsu mah. Bet barina oge nyaah mana lanceukna jeung maneh. Pira deungeun-deungeun balangbangan nu ngandelkeun hirup tina buburuhan. Pira anu kapapancenan ngasuh bari maneh meunang upah!"

Kapaksa Nyi Maya teh ngaleosna ti taman teh bari teu nepangan heula asuhanana. Hate ngageremet awahing peurih ku kekecapan pawarang.

Sanggeus rada anggang, kuliwed,. . . sulusup wae manehna kana rungkun haur gereng anu kabunian ku sadapuran waregu. Ngintip ti luareun pager pringgandani. Ari ceuk dina hatena, „Boa-boa Nyi Bungsu deuk dikaniaya!. . . Naon sababna aing make jeung dipisahkeun ti anjeunna? Ratu omat-omatan yen aing kudu enya-nya ngurusanan Nyi Bungsu. . . !"

Ti sajungna Nyi Maya mah, Pawarang angkat deui ngantun-

keun patamanan, tapi teu disangka ieu yen harita teh si pangasuh keur ngintip nu araya di patamanan.

Nyi Tongkeng ngaringkang ka sisi empang, nepangan Sekarwangi nu bangun keur pohara nikmatna ngangin bari neuteup cai nu taya kandatna tingrariak. Sakali-kalieun ngangseu kembang nu keur diranggeum ku panangan kiwa. Nyi Tanjung ngiclik pungkureunana.

„Hoyah, keur naon Nyai teh mani anteng-anteng teuing?”

Sekarwangi ngarenjag digebah ku rakana teh. Seug wae ngalieuk bari imut ngagelenyu. Kembang ditingalikeun, teras nunjuk kana empang.

„Ieu mawar nu pangageungna, Teteh! Nanging ieu nu beureum, lucu pisan. Teteh tiasa ngala kembang tarate nu aya dina empang?”

Sekarwangi nangtung, teras wae ngarangkul ka rakana. Sarta saurna deui bari ngagalekan, „Teteh bade ngala malati atanapi ermawar?”

„Ah, . . . sagala wae, Geulis! Teteh mah asal disebatna kembang wae, sakur nu dipelak di tamansari ieu mah teu weleh resep wae.”

„Kumaha nu ieu Teteh?” saur Sekarwangi bari ningalikeun ergulo nu geus mimiti laligar, kembang-kembangna nungtutan rragagan.

„Eta ge sae, Wangi”, walerna. „Resep Nyai nya kana kembang mawar sareng ergulo?”

Sekarwangi unggeuk bari neuteup kana pameunteu rakana. Nyeh wae imut ngagelenyu.

„Teteh mah boga kembang, sae pisan. Taya bandinganana!” saur Nyi Tongkeng bari tepak deku jeung ngarangkul Nyi Wangi.

„Mana ayeuna Teteh? Kanggo Nyai we atuh!”

„Lah numatak tebih ngalana. Tebiiih teh. Di hiji taman anu pohara legana. Kakayonna laluhur, dangdaunan ngaremploh hejo, kekembanganana warna-warna pisan. Malah jenuk keneh di taman eta batan di tamansari ieu mah!”

Sekarwangi mencrong kana pameunteu Nyi Tongkeng. Taarna kerung bangun resep ngadangu cariosna. Ret deui ka rakana

nu panengah. Tapi nu ieu mah titadi ge teu lemek teu nyarek. Ngeluk wae.

„Urang ngala atuh, Teh!” saur Sekarwangi bari muntang kana pigeulangan Nyi Tongkeng. „Keun we tebih ge, nyai ngiring ka dituna!”

Nyi Tongkeng ngareret ka Nyi Tanjung, ret deui ka Nyi Bungsu bari tepak deui, sarta saurna, „Heug! Hayu urang arameng ka ditu sareng teteh! Tapi Nyai teu kenging ngajak mulih! Keun we da ti dieuna mah ditarandu ku ponggawa-ponggawa.”

Sekarwangi mani emprak bari ajrug-ajrugan awahing ku bingah. Ret wae ka rakana nu saurang deui bari pokna semu giak naker, „Teteh oge bade ngiring?”

Sekar Tanjung unggeuk, tapi socana beueus.

„Hayu atuh, Teh!” ceuk Nyi Wangi deui bari muntang kana pigeulang.

Nyi Tanjung luak-lieuk. Torojol wae ponggawa genepan, duaan lalengoh, nu opatan ngagorotong tandu.

„Tah Nyai mah ditandu wae da tebih, bisi cape. Teteh jeung Teh Tanjung mapah, nya!”

Sekarwangi unggeuk, terus dipangku ku ponggawa teh di kana tandukeun. Teu lila ti harita leos wae arindit. Ngidul ngajugjug lawang patamanan anu brasna ka sisi wahangan wates dayuh ti wetan.

Nyi Maya nu geus timburu ti barang Nyi Tanjung katut pararang sarumping ka tamansari, basa mireungeuh ponggawa marawa tandu tur ahirna Nyi Bungsu ditunggangkeun teh, ngan berebet wae lumpat. Mani tipaparetot ngajugjug ka bumina Kai Darma. Sadatang-datang teu tata pasini deui, bulubus wae asup.

Pribumi kasampak aya da puguh jalma tanpadaksa, taya sukan ti seret tuur ka handap. Malah raheutna can damang bener. Harita ge masih keneh dibungkus jeung aya papak-popok tina raramuan. Barang ningali polah Nyi Maya Nyi Surti kitu teh teu wudu anjeunna heraneunana. Pok wae tumaros samemehna semahna diuk, „Aya beja nahaon ti kaputren? Kumaha urang karaton? Sang Prabu jeung lian-lianna? Aeh,. . . jeung deuk aya perelu nahaon nu matak gorojogan ka imah aki-aki tanpadaksa teh Maya?”

Nyi Maya nelegan ciduh bari nahan ambekan satekah polah. Terus nyusutan kesang ku leungeun baju. Bingung kuma ngawalon pananya anu sakitu merekpekna,

„Pok atuh unjukan! Aya kapentingan naon Maya teh?!” saur Kai Darma bangun teu sabar. Geus kitu anjeunna nyengir bari ngarampa kana lebah dengkul.

„Sareng saha Mama teh di bumi?” Nyi Maya can bisa pok unjukan da kaburu ngahelas manten ku kaayaan pribumi.

Srog manehna nyampeurkeun, dengkul nu taya sambunganana ka handap diteuteup, curulung wae cipanonna.

„Teu kudu diceungceurikan kami mah Maya, sorangan ge mun niat mah bisa keneh ceurik. Ceungceurikan anggursi kahirupan maneh pribadi!”

Nyi Maya beuki rambasbas panonna, malah antukna mah nepi ka mehmehan ngagoak da dadak sakala bet rea nu kapieling. Rusras ku itu ku ieu. Sarta bari riwih-rawah jeungna ditahan da sieuneun kadenge ku nu lianna teh manehna maksakeun maneh unjukan, nyarioskeun hal-ihwal Nyi Bungsu tea.

Sabot Nyi Maya unjukan, Ki Darma neutep kana beungeutna, tarangna kerung da aya nu digalih.

Barang geus rengse nu cacarita, pok wae anjeunna nyarios, „Ana kitu mah, Anaking, tuturkeun maneh. Susud sing kanyahoan ka marana losna! Kawas deuk dipariceun Nyi Wangi teh. Dek disina anggang ti nagara. Meureun maksudna mah deuk disina nemahan pati, mun teu lantaran ku sato galak, tangtu sina langlayeu-seun! Aya budak nu pinganteureun, tapi hanjakal ayeuna-ayeuna mah keur meumeujeuhna madepan kami. Nu ngawulaan sagak kabutuh satungtung kami ngarasa keneh nyeri. Engke mun kapang gih ku maneh, jeung memang kudu kapanggih, hawatos bisi ku maonam, candak ka kersa Kasepuhan anu jenenganana Kai Raksa manggala. Linggihna di Talaga Kahuripan. Landeuheunana, din lengkob nu teu sabaraha anggangna ti talaga pisan. Da tangtu de dipariceun ka leuweung Nyi Bungsu teh. Jung atuh, tong talangk deui bisi teu kasusul. Unjukkeun wae ka anjeunna di Kahuripar saha-sahana eta murangkalih. Pasrahkeun jeung unjukkeun k anjeunna kumaha kaayaan kami. Bral geura indit!”

Sanggeus amitan, teu talangke deui manehna indit. Rurusuhan muru ka kiduleun tamansari, mapay-mapay jalan satapak nu ledeg urut ditincak.

Panonpoe geus luhur, panas lain dikieuna. Can sabaraha anggang luntana teh, paling ge kakara ratusan tumbak. Barang manehna deuk ngarasa, kabireungeuh Nyi Tongkeng peuntaseun cai, nunungtun raina Nyai Tanjung, malah mani rada digugusur ditungtunna teh bari digeubig-geubig. Atuh geuwat manehna ngu-liwed, sup wae kana rungkun kirinyuh nu pohara bunina.

Eta dua putri teh mareuntas, laluncatan turut-turut batu nu tembong rentul tina beungeut cai. Sakapeung kapaksa kudu alan-crub, kabeneran wae cai di lebah dinya teh euweuh nu jero paling ge ngan saseret puhu pingping. Teu kungsi lila oge duanana geus haranjat deui. Nyi Tanjung ngarandeg sisi cai bari malik ka peuntas ditu, tarangna kerung malah rarayna rada maleukmeuk.

„Hayu buru-buru, Tanjung!” saur rakana bari kek deui kana pigeulangan putri panengah.

„Teh, deuk dibarawa ka mana Nyi Wangi ku ponggawa-pong-gawa teh?”

„Har naha ari Tanjung bet ngan tetelepek wae. Apan ceuk te-teh ge tadi, si Wangi deuk dibawa ulin ka tamansari nu panglegana di nagara. Deuk sina ulin di handapeun kakayon nu garomplok daunna. Geuning tadina si Wangi sakitu murugulna, hayang milu cenah! Teteuh ngalaksanakeun kahayangna wae.”

„Naha atuh dikantun?”

„Apan dibaturan ku ponggawa-pong-gawa, mangkaning mani genepan.”

„Teh! . . .” Nyi Tanjung masih keneh panasaran. „Tadi basa urang deuk misahkeun maneh ti nu jarajap, Nyi Wangi keur bobo dina tandu. Kumaha mun manehna hudang, urang nyampak euweuh?”

„Meugeus, meugeus, Tanjung! Tong sagala teuing ditanya-keun. Keun wae si Wangi mah sina dilebok kerud. Sina direweg ajag! Buru-buru wae urang baralik!”

Durugdug wae Nyi Tanjung digusur ku rakana.

Barang duanana geus teu kabireungeuh deui, buru-buru Nyi

Maya kaluar tina panyumputan, terus ngaras walungan. Ti dinya mah berebet wae lumpat mani tipaparetot, mapay-mapay jalan satapak anu brasna ka leuweung larangan. Da moal teu di leuweung eta cenah, Putri Bungsu teh dipariceunna.

Cape lumpat, maksakeun maneh leumpang. Ari tincakeun beuki lila teh bet beuki rembet wae. Jalan satapak geus euweuh. Sakuriling bungking ngan reuma jeung eurih garing bae mani ngabadeg. Tapi untung da teu ngatog. Dina tincakeun kabireungeuh tapak suku, atuh di nu bala-bala tembong tutuwuhan paringges dahanna. Tetela tapak nu leumpang, malah beunang dipastikeun tapak jelema pisan deuih da di antarana mah sidik pisan dahan kakayon nu ngararoyom ka lebah jajalaneun tapak ditilisan ku pakarang atawa dipotong-potongkeun.

Beuki anggang wae Nyi Maya lumampahna. Panonpoe beuki condong ngulon. Sorangeun nanjak netek, beuki rumpil jeung beuki rembet wae. Atuh kapaksa manehna teh beuki dieu mah kudu bari puntang kalong sagala, malah tungtungna mah lajuna teh jadi teu pati cepet da puguh remen pisan tipaparagut kana tutuwuhan nu rarucukan. Pakeanana rungsuk-rangsak, awakna ramed garetihan.

Kira-kira wanci sareupna manehna kakara anjog ka sisi leuweung geledegan. Leuweung nu geueuman pikakeueungeun. Kakayonna kekep rekep jeung jaranggotan pantes panonoban bangsa dedemit-dedemit. Barang ngareret ka landeuh, lapat-lapat kabireungeuh dayeuh Kutamaya. Dapurana cauna tingrunggunuk, tangkal kalapa nu paselang jeung tangkal jambe nu ngajejer tingarulang. Di ditu di dieu raang damar nu biasa dipasang di lawang pakarangan. Hiji-hijieun suhunan imah, tembong sagede-gede peureup. Geus kitu ret deui ka lebah leuweung gerotan tea. Kabireungeuh oa jeung lutung katut sato hewan sabangsana nu keur carindeten dina dahan kakayon. Sawareh carilingcingcat bari tingcerewet. Loklok jeung bultok disarada patembalan. Tonggeret jeung pepengng mani tingjarerit patarik-tarik. Ti anggangna, hawar-hawar sora curug.

Nepi ka reup poek pisan teh Nyi Maya masih keneh ngajengjen wae lebah dinya. Sejana ngadago heula marulangna deui nu

tas miceun Sekarwangi da ceuk dina sangkaanana, tangtu ka lebah dinya maranehanana teh ngaraliwatna. Tapi nu diarep-arep bet le beng teu embol-embol. Untungna teh, najan sarangenge geus surup, tapi bulan wancina ngempray. Ngan parandene kitu oge Nyi Maya bingung lain dikieuna dumeh teu kaerong kumaha nya pi-lampaheun saterusna. Ka mana kudu neangan Retnayu anu dipeu-peujeuhkeun ku Kai Darma kudu kapanggih. Rek terus nyusud tapak cara cikenéh basa sarangenge masih tembong, ayeuna mah puguh geus sakitu hideungna di lebah leuweung teh.

Angin peuting beuki matak tingsareuit kana ati, rocop nyoco kana tonggong. Atuh basa anjog ka lebah curug teh, saenyana mah geus pohara peutingna. Padahal ceuk sangkaanana tadi mah, ti urutna ngajengjen ka dinya teh teu sabaraha angganga, ari heg disorang, bet mani ngoprot ku kesang tiis barang ret kana bulan nu tadi asa kakara sasiku angganga tina beungeut bumi, ari harita geus aya dina siraeunana.

Salelewek nu didatangan harita teh mani caang kahibaran. Sakurilingna lening kawas beunang nyapukeun, beungeut bumi di-sangsarap ku lukut nu kandel kedepik, karasa beueus kana dampal suku. Sawatara jongjongan mah Maya ngajengjen bari teu usik teu malik di lebah biwir gawir tonggoheun panyurangan cai. Curug ka-deuleuna ukur ngelemeng najan katojo pisan ku sinar bulan, tapi gawir kenca-katuhueunana narangtawing sarta jadi lantaran ru-meukna cahaya bulan kana beungeut cai. Ngan tetela eta curug teh luhur, nanjeur kira-kira satangtung tangkal kalapa. Sorana ngahudang rasa ketir jeung keueung. Caina ngeprul kawas gula mutte. Taya nu kadenge deui iwal sora curug nu pikeun manehna mah bet teu bina ti sora jalma anu sesegruk. Tapi aneh lain dikieuna, cacak aya di tengah leuweung luwang-liwung sosoranganan teh, bet teu ngarasa sieun meueus-meueus acan. Padahal biasana mah tongboro di tempat anu sakitu hara-haraeunana, dalah di dayeuh oge teu sirikna cadu wae lumampah ti peuting sosoranganan teh.

Keur hulang-huleng bari nyerangkeun curug anu ngelemeng tur tinggurilap katojo sinar bulan, Nyi Maya asa kagebah ku nu adug-adugan bari gogoakan di gigireunana. Sidik sora nu cecurik. Mimitina mah mani ngaleper da nyangka dedemit nu ngageugeuh

lelewék eta. Ngan barang diténget-ténget, tetela nu ccurik téh sora budak. Atuh geus teu inget kana nanaon deui ngan bereng-beng wae lumpat muru ka lebah datangna sora. Mani teu sirikna notog-notogkeun manéh. Kabeneran pisan teu hésé diteanganana da barang anjog ka lebah gawir tonggoheun curug bréh wae aya tandu kabireungeuh. Di jerona tetela Sekarwangi keur sasambat, malah ka manéhna pisan sasambatna téh. Mani geus peuyeuh jeung leslesan. Gabrug wae Retnayu nuaya dina tandu téh dirontok, terus dipangku sarta digaléntor bari diceungceurikan bakating ku atoh.

„Bibi téh mani geus kop ajag kop maung, Geulis!” pokna bari neuelkeun damis Sekarwangi kana dadana. „Ka marana ayeuna anu barurung téh?” Barang geus aya dina pangkonan, Sekarwangi téh nangisna anggur beuki tarik, pageuh nangeup ka manéhna bari keukeuh sieun-sieunan.

„Sieun nahaon, menak? Sieun nahaon? Tos ah, da apan ayeuna mah tos sareng bibi deui.”

Sekarwangi nalungkup dina dadana, awakna ngeleper kawas enya tas manggih kasieunna téh, mana mani cambewék deuih. Tayohna wae balas kabeueusan ku ciibun jeung pepedut nu mimiti ngandelan nyimbutan kaayaan di sakuliahna. Mana keprulna cicurug anu kagayuh angin nepi ka mankawura, atuh salira retnayu mani ribeg. Dina kituna mah tongboro nu geus rada heubeul ayana di dinya, cacak manéhna pribadi oge nu can sabaraha lilana, pakeanana téh mani calipruk, kabeueusan ku ciibun jeung ku keprulna cai anu mankawura tina curug téa.

„Nyai, anaking!” ceuk Nyi Maya bari ngusapan rambut retnayu. „Da bongan bibi teu awas kana sorangeun, . . . wayahna wae wengi ieu mah urang ngarereb di dieu. Enjing urang kebat ka sirah cai, sugu kasepuhan Raksamanggala kapendak.”

„Bibi! Naha Bibi mani lami-lami teuing?” saur Sekarwangi bari inghak-inghakan. „Nyai mah sieun Bibi, . . . sieun!”

Barina sasauran kituna téh Sekarwangi bibirigidigan, terus nyusup kana sesela susu pangasuhna.

„Ka marana ayeuna nu barurung téh, Geulis?”

Sekarwangi rungang-ringeuh, terus nunjuk ka beulah katuhu

ka lebah rungunukna tangkal hampelas nu hieum awahing ku gomplok-gomplokna.

Nyi Maya ngagebeg da barang ret ka lebah dinya teh kadenge aya anu kokorosakan di lebah rungkun. Murangkalih di bekem, manehna sorangan megeg napas, awakna ngaleleper jeung jajantungna dagdigdug. Sangkaanana mah anu kokorosakan teh maung dahan atawa kefud. Ari heg didago-dago gaurna bari nara-jang, bet euweuh wae. Bari sieun jeung angger ngaleleper, Nyi Maya maksakeun maneh ngareret ka lebah nu ngorosak tea. Disidik-sidik, haben diawas-awas, bet aya nu ngajolopong lebah rungkun teh. Tetela waruga jalma. Tungtungna mah awahing kajurung ku panasaran, manehna maksakeun maneh ngalengkah. Mimiti nyampeurkeun nu tingjalolopong nu kabireungeuh ti heula tea. Simanahoreng duanana oge ponggawa nagara nu tadi ngiringkeun Sekarwangi basa ditandu deuk dipiceun ka lebah dinya.

Eta dua ponggawa nu geus jadi babatang teh taratuna saluar awakna, getih kimpel nu beueus kaibunan mani naramblog na baju wulungna. Tumbak nu masih keneh lamokot ku getih ngagaloler gigireunana. Ti dinya buru-buru muru ka lebah rungkun da ka nu aya di dinya mah sangkaanana teh cenah masih keneh hirup, ngan lantaran tatuna parna, manehna teu bisa walakaya iwal ti gulang-guling.

Barang geus anjog ka lebah rungkun tea, pok wae nanya, „Ki Silah! Kuat keneh nyarita?”

Nu ngajolopong bari adug-adugan dina rungkun teh ngaharegung, ngareret ka nu nanya bari terus pepeta ku dua leungeun.

„Hayang nginum Ki Silah teh!”

Eta ponggawa teh unggeuk. Atuh Nyi Maya teh maksakeun maneh deui wae tuturubun ka sisi cai, kerewek wae nyoehkeun daun cau leuweung nu ngabadeg dina biwir wahangan, heg ditekoreun bari ngempit Sekarwangi. Geus kitu manehna nyiuk cai. Barang rek hanjat, gebeg deui wae ngarenjag da dumadakan wae sinar bulan nojo kana beungeut cai, ari heg kabireungeuh sirah jalma ngulahek kakeueum ku cai, tapi sakedet netra pangacianana geus kumpul deui da mo salah deui cenah, eta ge ponggawa keneh anu tadi beurang ngiringkeun Nyi Wangi ka leuweung. Barang dite-

ngetan, tetela nu ieu ge geus euweuh nyawaan. Tayohna wae ti-
berekbek basa maksakeun maneh nodong cai tina wahangan.

Sanggeus nyaho enyaan saha-sahana mah, buru-buru maneh-
na unggah ka tonggoh ninggalkeun bangke nu kakeueum sirahna
tea. Sadatang-datang sok wae mikeun cai ka ponggawa nu harita
keur hahareugungan bari nyenyekel pingping. Ngarampaan ta-
tuna nu gudawang jeung masih keneh ngaluarkeun getih.

Cai nu ditekor dina daun cau ditampanan, terus diinum. Mani
bangun nimateun naker. Jep heula sawatara jongjongan mah. Pa-
nonna peureum tipeperetek kawas nahan kanyeri. Teu lila nyah
deui beunta, maksakeun maneh hudang bari nyengir. Sor pingping-
na ditembongkeun bari pupuringisan.

„Ka mana anu duaan deui?” Nyi Maya nanya ka eta pongga-
wa.

„Genepan, Maya, genepan kami teh. Itu duaan, . . . malodar!
. . . ku leungeun kami pisan duanana oge, bongan rek mergasa
Nyi Putri. Saurang deui nu sanjat jeung kami, tatu parna lebah
beuteung jeung sirah. Tadina wanci tunggang gunung manehna teh
tuturubun ka landeuh, nyao teuing kumaha nasibna.”

„Kapanggih ku kami eta mah, geus teu nyawaan. Sirahna
kakeueum ku ciwahangan,” ceuk Maya bari ngalimba.

„Karunya, Maya! Karunya manehna teh. Naha jalma nu niat-
na hade ka Retnayu bet dikersakeun puput umur di tempat anu
sakieu hara-haraeunana. Karunya, boa layonna dihakan ajag. Urang
urus heula, Maya, . . . tapi kami taya tanaga pikeun tuturubun.”

„Isuk deui wae atuh! Ayeuna mah kami teu keueung teuing
dalah kapaksa kudu meuting di dieu oge. Lumayan aya Ki Silah
dalah kaayan kitu oge. Tapi. . . , ka mana anu duaan deui. Jeung
naha ieu teh nu matak kajadian kieu?”

„Tatu kami mah teu sabaraha, Maya! Ukur gudawang sage-
de tampah budak. Ieu ge kabongohan ku nu sahoseun dek kojor.
Hadena kami mireungeuh tangkal ieu yeuh, kayu rapet. Ceuk
kolot mah apan pohara matihna pikeun ubar raheut. Atuh barang
tadi kabeunangan teh, sanggeus maragatkeun eta mangkeluk dua-
nana, kami teh maksakeun maneh bari kakarandangan. ka lebah
dieu. Miteskeun dahanna, geutahna dikucurkeun kana lebah tatu.

Enya Maya, getih teh teu ngagolontor teuing jeung memang karasana eta ubar teh. Isuk mah kami bisa marengan ingkah ti dieu. Ngan deuk ka mana tujuan teh?"

„Kuma isuk we,” tembal Nyi Maya. „Ayeuna mah leuwih hade reureuh heula, ambeh kuat lumampah poe isuk. Tapi, . . . ka mana ari nu duaan deui?"

„Nyao, Maya! Nyao ka marana eta bangsat nu duaan deui teh. Ngan kami masih keneh nyaho, maranehanana oge parna tatuna. Saurang ku leungeun kami pribadi, disuduk beuteungna ku tumbak, saurang deui mah digebug babatokna ku batur kami nu ceuk maneh paeh di sisi cai tea. Tapi ceuk rarasaan mah, lamun teu hade-hade teuing nasibna nu beunang beuteungna ku kami mah moal ieu panjang umur."

Kakara ge anggeus nyarita, teu kanyahoan deui gorobas wae ti lebah gerembelna kakayon teh aya jalma duaan datang ka lebah dinya. Saurang dibengker sirahna, saurang deui mah kawas jagjag waringkas. Najan dinu poek, boh ku Maya boh ponggawa oge jol kabireungeuh wae, nu dibengker sirahna mah baturna.

„Tah geuning mangkelukna nu tadi ngabegal teh!" ceuk nu dibengker ka nu saurang deui. Kituna teh bari serepet mesat bedog panjang.

Si ponggawa nu diancam, sangkilang lesu keneh urut kaluaran getih, barang mireungeuh baturna mesat gobang mah rikat naker hudang, kabeneran harita teh manehna mah lemor. Gagamanana, nyaeta tumbak, nyao teuing lebah mana tinggaleunana. Tapi masih keneh aya hojah ku jalan ngalaan totopong, terus diuraluril bari kuda-kuda. Panonna muncereng kanu sabekbekeun ngadek, pok wae nyarita bedas naker, „Aing geus tatu lebah pingping, . . . ayeuna sia ngabar-ngabar gobang. Tapi aing teu gimir dalah bulu salambar. Sor maju. Sor geura heumbatkeun eta pakarang teh! Jeung nahaon eta biwir teh make jeung nyebut-nyebut begal ka kami?"

„Ari kitu mah kaula mo waka turut campur!" ceuk nu saurang nu marengan datang ka dinya tea. „Ngan saha ari Nyai? Naha wayah kiwari bet aya di dieu? Jeung murangkalih saha ieu teh?!"

Si ponggawa nu babarengan jeung Nyi Maya nyarita, „Putra Ratu Kutamaya ti parekan. Dipariceun ka leuweung ku urang kaputren lantaran kapalay ibu kawalonna. Tah mangkeluk ieu sabatur-baturna bet deuk ngarogahala Retnayu. Kuring teu ngidinan, atuh der wae galungan!”

„Enya eta carita teh?” ceuk eta jelema teh bari serebet wae narajang ka nu keur nyenyerek bedog nu geus deuk sabek-bekeun diheumbatkeun ka nu ngan ngagunakeun totopong pikeun paka-rang panakisna. Barang geus kitu, kerewek wae leungeunna ditong-tak, pigeulangna diparieurskeun, atuh pluk wae bedogna ragrag, manehna ngagoak da karasa pigeulangna mani asa potong.

„Na aya aki-aki bangkawarah teuing ieu teh?” pokna sanggeus pigeulangna dilesotkeun deui. Manehna dongko rek nyo-kot bedogna nu nanceb na taneuh di gigireunana.

„Montong ongko-ongkoan kitu siah!” ceuk si ponggawa nu tadi teh, bari jelebet wae beungeutna dikepret ku totopong nu meunang muril-muril tea. Atuh goak wae bari meungpeuk da pannonna pisan nu diheuneuna teh.

Can ge engeuh kana nanaon, geus jekuk bobokongna dijejek ku keuneung, koloyong. . . bru wae rubuh bari haharengungan. Terus deui diburu sanggeus manehna nyabut bedog nu nanceb dina taneuh. Rek sakalian diparagatkeun wae nyawana ingetanana mah. Tapi kakara ge ngaheumbat, teu kanyahoan deui, kek wae leungeunna aya nu nyekel, pageuh lain dikieuna. Anehna kuatkeun ka teu bisa usik-usik acan ku panyekelna teh, mana karasana retep deui.

„Entong Ujang! Tong nandasa musuh nu geus teu bisa wala-kaya!”

Singhoreng aki-aki tea nu ngahalangan manehna pikeun maehan musuhna teh. Bedog dipuragkeun, gek wae diuk. Rap deui totopongna dipake bari terus wae ngarancetan raheut nu dina ping-pingna tea. Dumadakan karasa deui, jeung getih bijilan tayohna wae kaganggu ku hojahna basa tarung.

„Ujang raheut?”

Si ponggawa unggeuk bari nyengir.

„Ku naon tateh?”

Manehna nunjuk kana bangke baturna nu kira-kira aya tilu tumbakna ti lebah maranehanana harita.

Derekdek wae nyaritakeun lalakonna tadi nu kungsi dicaritakeun ka Nyi Maya. Tungtungna manehna panuhun sangkan eta oge nu saurang deui, diberesan bae da dihirupan oge bakal nyilakeun sarerea. Angot cenah mun tos terang ka padumukan aki mah.

„Aki teh jelema nu tara tegaan kana nyawa nu lian,” pokna bari ngareret ka nu keur gegerungan bari ngarampaan bobokong. „Tapi upama ceuk hidep aya bahlana mun diantep hirup mah, atuh sabodo teuing masing deuk dikukumahakeun oge. Diarah patina oge ku baturna ieu. Ngan aki hayang ulah nyaho, da dosa kasebutna mun mireungeuh jelema mergasa sasamana, heg teu peta pisan pikeun nulungan!”

„Nanging upami teu dipaehan ayeuna, isuk pageto mah manehna nu bakal ngarah pati teh. Boh ka sim kuring pribadi boh ka kersa panjenengan, malah ka Retnayu oge, tos bade sabekbekeun newak upami teu kaburu dihadang mah ku abdi sabatur-batur.

Aki-aki ngareret ka Nyi Putri basa manehna nunjuk ka lebah emban teh. Ari Retnayu harita geus tibra deui. Nyi Maya mah ta tadi ge teu lemek, cicing wae bari ngabandungan sagala kajadian. Tapi ti barang gok patepang jeung eta aki-aki, jol teg wae, „Moal kitu ieu teh kasepuhan ti Talaga Kahuripan mah?” pokna dina ati.

Sabot eta aki-aki neutep ka Nyi Putri nu keur ngagoplek. teu kanyahoan deui ujug-ujug serebet geresel wae urat nadi nu keur haharegungan teh dikeureut. Wor wae getih, atuh teu wudu mani adug-adugan jeung kokosehan. Sakarat mani gegerungan jeung panon tibubuncelik.

„Aya naon tateh, Ujang.” ceuk aki-aki tea.

„Teu pira”, tembalna. „Ukur ngantelkeun seuseukeut bedog kana urat beuheungna, sugan teh moal teurak, ari heg bet ngabeles.”

„Alus sakitu ge, . . . hamo lila nyerina!”

„Apan warahan Kai Darma!” pokna bari nyusutkeun getih kana dampal sukuna.

„Kai Dharma?” aki-aki heran lain dikieuna. „Naha make nya-bit-nyabit ngaran Kai Dharma? Eta teh kapi alo nu kieu dodonges-na. Na ngajedog wae jeung satru kabuyutan manehna teh?”

Can ge tutas caritana, solongkrong wae Maya nyampeurkeun, pok wae nyaritakeun lalakonna poe harita, malah balaka saenyana mah ka Talaga Kahuripan tujuanana oge, sabada manehna mang-gihkeun Nyi Putri. Puguh wae Nyi Maya mah bungah, atuh eta aki-aki oge lain dikieuna atohna da geuning putri bungsu Kutama-ya teh masih keneh kapiputuna. Putra Nyai Manik Mayangsari nu teu ieu disangka masih keneh ngagelarkeun turunan. Da apan sangkaanana mau geus lebu tumangan ngiring pawarang basa karaton ditarajang ku wadiabala Silalawi.

Teu talangke deui sanggeus paranca kaki mah, bral wae mariang muru Talaga Kahuripan.

— ooOoo —

VI

SAPULUH TAUN GEUS KALARUNG, Sekarwangi jeung Ki Ponggawa katut pangasuhna oge geus sapuluh taun deuih ngalanjrekna di pagunungan. Ari Ki Ponggawa dirangkepkeun ku kasepuhan Kahuripan jeung Nyi Maya, teu lila ti barang maranehanana daratang ka dinya. Terusna taretep renggenek teu incah balilahan deui, basana mah hayang ngasuh Nyi Wangi nepi ka mangsana kundang iteuk, sakalian nyirna keun diri tina sagala karuwet nu memang saban poe kasanghareupan satungtung aya di dayeuh.

Sakali-kalieun mah Ki Santa - ponggawa ruruntukna tea - sok rajeun oge luntarnilar Cikahuripan, boh nyorangan boh nyarengan kasepuhan. Luntana mah biasa wae ka dayeuh, ngadon dagang hasil bumi, ari mulang sok rebo ku babawaan nu memang pohara dipikabutuh pikeun sapopoe.

Dina taun nu kadalapan ti barang araya di dinya Kai Rak-samanggala mulih ka jati, teu mangkuk sabaraha lilana disusul ku geureuhana. Atuh ti harita mah Sekarwangi teh ngan katut Ki Santa sarimbit wae. Campleng dua taun diitung ti mangsana ditilar ku kasepuhan, tiluanana oge meh teu ara lalunta pisan. Istu ngareueung mencilkeun diri tina pakumbuhan manusa. Ari Sekarwangi, apan nepi ka harita teh yuswana geus nincak lima welas taun. Memang geus remaja putri.

Bubuhan nu saendengna hirup di pagunungan, Sekarwangi teh teu wudu parigelna. Salirana sehat mulus, panangan jeung wetis ngareusi. Montok donto matak moho nu nenjo. Mana kulit semu hejo carulang, soca bengras, raray kawas cahayaan. Atuh kana bagbagan kasantikaan, karuhan dirorok ku Kai Rak-samanggala, kasepuhan nu pohara kaemper-empurna di nagara Sumedanglarang dina mangsa-mangsa katukang.

Dina keur salse, upama taya garapeun di huma di kebon Nyi Wangi sok ngadon niis di sisi talaga. Sakapeung sok anggang lunta ti panganjrekan, tapi angger losna teh ka sisi gawir tonggoheun curug anu nanjeur luhur satangtung tangkal kalapa. Di dinyana ukur ngadon ngeueung bari nyawang dayeuh anu ngan tembong rungunukna.

Jaba ti nyawang nagara ti anggangna, ari aya di sisi curug teh Sekarwangi sok ras kana hiji kajadian nu sok rajeun kumambang dina wangwangan. Jaman anjeunna diolo diajak ameng ku rakana anu cikal da pajah aya taman nu pohara endahna. Ari heg bet dipariceun da anjeunna kapulesan dina tandu. Emut-emut wanci harieum beungeut, kitu oge bakating ku kagareuwahkeun ku nu keur garelut. Ku tinggalonjrangna nu ngadu pakarang. Kadieunakeun kakara engeuh, sihareng Ki Santa keur ragot tarung begalan pati. Ari nu jadi marga, Ki Santa jeung salah saurang baturna teu mikeun Sekarwangi ditelasan, nu sejenna mah keukeuneugtreug seja mergasa retnayu, da cenah kitu pisan dawuhan mangkubumi.

Ki Santa unggul perangna, musuhna nu opatan jaradi babatang. Tapi baturna nu saurang nu sahate jeung manehna oge bobor karahayuan di sisi cai, pedah maksakeun maneh ka walungan da hayang nginum. Tayohna wae loba teuing kaluar getih da basa kapanggih layonna ku Nyi Maya teh, awakna mani pinuh ku getih. Sirahna ngulahek kana cai, ari awakna nyangsang dina rungkun kirinyuh.

Memang hiji kajadian nu moal kapopohokeun dalah nepi ka iraha wae oge, padahal anjeunna nembe yuswa lima taun. Tapi eta kajadian teh teu weleh kacipta. Ana ras emut ka alam harita, bet sok ting sereset nepi ceuk raraosanana mah asa aya

hinis nanceb dina hate, nu dicabut lalaunan.

Lamun teu ngumbar katineung ka mangsa harita, sok ras wae emut kana sababaraha bagian tina lalakon hirupna. Alam di puja didama-dama dipunjung diugung-ugung di karaton. Moal lali deuih ka hiji pameget tengah tuwuh nu diama-ama. Pon nyakitu deui ka hiji istri nu diibu-ibu. Sanggeus sawawa kakara ngartos, horeng aranjeunna teh ramana pituin. Kakara kahartos deuih, nu matak aya di tengah leuweung luwang-liwung teh, geuning ngahaja dipariceun ku urang karaton. Ngan aya nu teu kahartoseun mah eta oge, nyaeta perdara ibuna. Naha bet leungit tanpa lebih ilang tanpa karana?

Ka mana atuh?

Mangtaun-taun Sekarwangi teu weleh nyangka yen kajadian-kajadian harita teh ukur riwan. Ukur impian kasubuhna-keun. Lain kajadian sabenerna. Aya anggapan kitu teh dumeh taya pisan jawaban ti urang Kahuripan mun anjeunna tetelepek, boh ka ibu-rama kukutna, boh ka Ki Santa jeung bojona. Ngan najan ahirna kapaksa kudu ngupahan anjeun ku nganggap eta kajadian teh ukur impian, tapi parandene kitu oge keukeuh wae atina mah ngait kana lalakon hirupna alam harita. Ku kituna, ari keur ngeueung bari neutep dayeuh ti kaanggangan teh sok teu kaampeuh deui cisocana nyalangkrung.

Memang kitu jeung kitu wae satungtung aya di Kahuripan ti barang sawawa teh. Emutanana teu weleh ngacacang ka mangsa-mangsa katukang. Tapi mimindengna mah ngadon ngeueung di sisi talaga. Angger sok calik nyangsaya dina akar kiara. Meureun bubuhan caket ti bumi da ngan sapanyeupahaneun anggangna teh.

Dina hiji mangsa, sabada babantu di huma Sekarwangi niis sisi talaga. Calik nyangsaya dina akar kiara. Sampean dirumbaykeun kana cai nepi ka kakeueum nengahan wetis, ngarasakeun kuma nimatna citalaga nu nyecep tiis dina tengah poc mentrang-mentring cara harita.

Lauk talaga bangun geus teu sieun deui ku Sekarwangi, meureun lantaran meh unggal poc papanggih, ari maranchana-na geus waranoh deui, yen manusa nu sok ngadon ngeueung

sosorangan saban poe di dinya teh memang tara ngaganggu. Malah sawareh-wareheun, ari Nyi Wangi keur ngeueumkeun sampeanana teh osok oge aya nu tinggilisir kana bitis. Ngagalekan bangun mikasono.

Lain ngan lauk cai wae nu geus waranoh ka Retnayau nu dina mangsa harita geus remaja putrih teh, tapi nya kitu deui kunyuk jeung lutung anu tinggaruntayang dina kakayaon sabudeureun talaga oge. Malah kunyuk-kunyuk jeung lutung mah, ari aya Sekarwangi teh mani tingtarengo jeung tinglalieuk sapa-da baturna, bangun nu saruka bungah jeung ngabarageakeun. Hiji-hijieun osok oge aya nu nyampeurkeun bari ngasongkeun bubuahan nu ilahar diharakan ku maranehanana.

Harita ge nyakitu pisan Sekarwangi teh socana meusmeus teup meusmeus teup kana citalaga nu herang wening. Cicing teu usik-usik da puguh taya angin.

Katingali lauk emas nu gawena ngan rerendengan wae dua-dua, kawas jalu jeung bikang anu keur silih cacapkeun raga katingeung. Atawa meusmeus ret meusmeus ret kana sepat nu tingjalepret bangun hayang katanggar ku nu keur ngalangeu. Sok seueuleun ku polah lele nu lelewa jeung cetaan da garumasep sok ngarumis wae kana beungeut cai bari pepeletetan. Ngan nu pangkatajieunana mah ku gurame, pedah ngan ngalayang wae antara beungeut cai jeung dasar. Pasinghareup jeung sasamana, bet kawas-kawas nu keur ngawangkong pedah aya dimasalakeun. Tapi sok hanjelu malah sok garo-garo teu ateul lamun keur uleng anteng ngimeutan peta hiji-hijina teh, jol wae bogo lauk galak nu nya kasar sisit nya bolotot, nembrong kanu rea. Datangna sarabat-serebet jeung sasamber. Atuh puguh wae saeusing talaga teh mani buriak kalabur, maroro sodong ngadon nyarumput.

Memang ngan sabogo-bogona lauk di talaga Kahuripan anu teu dipikaresep ku anjeunna teh. Malah pokna oge, paingan dingaranan bogo, bet enya jadi gogoda!

Poe harita ge basa anjeunna keur anteng ngumbar soca kana beungeut cai, nya kitu kalangenanana teh kaburu paburi-sat ku torojolna gogoda tea. Atuh Retnayau mani hahaok bari

babuk maledogan. Dilelempeng kana sodong batu nu ceuk emutanana mah, nya didinya kandangna si bolotot teh.

Barang keur babuk kitu ngong teh aya nu nyoara ti pengkereunana, tetela sora jelema,

"Ieu teh Nyai Pohaci Keresik Manik atawa bangsa lelembut nu ngageugeuh talaga?"

Sekarwangi ngahuleng sawatara jongjongan. Reup wae peureum barimeureup tipepereket, barabat mapatkeun jampe panyinglar,

*Amit-amit nu ngageugeuh
hampura anu ngayuga
nu ngageugeuh taneuh pageuh
anu ngayuga talaga
ulah hiri ulah dengki
ulah jail kaniaya
lunga-lunga !!!*

Can ge tamat parancahan, barakatak nu ditukangeun, atuh Sekarwangi ngagebeg. Nu tadina sok teuneung ludeung, nu rancage tur laleber wawanen teh, harita mah ngadadak ngaleleper. Memang aneh, sakieu can kaengeuh saha-sahana,

Sanggeus ngagagkak, galantang deui wae. Beuki tetela pisan sora manusana teh. Ngan keukeuh baluweng. Saha cenah? Da apan lalaki di engkob talaga Kahuripan teh ngan aya duaan, nyaeta rama pulungna suargi katut Ki Santa.

"Kawasna wae aya bagja bet diparengkeun tepung jeung sasama manusa!" kitu pokna. Bangun nu bungah naker. „Jeung asa kabeneran, nu mungkur mapatkeun parancah, awaking ge pon nyakitu, jeung naha mana sarua pisan kekecapanana eta parancah teh? Moal saguru mah?"

Pertengtang pisan, malah ana ditengetan ku Retnayu, pohara halimpuhna eta sora teh, matak dedengeeun wae. Tapi teu wani ari ngareret mah da masih keneh timburu; boa cenah siluman-sileman anu nyamar ngajadi manusa. Ngarah piandel ambeh kataji. Da apan dina sakitu taun teh, nu tara tea aya urang luar kumalampreng ka dinya. Kajaba urang Sumedanglarang

nu alam beh dituna kungsi sagulung-sagalang jeung rama pulungna.

Nyah Sekarwangi beunta, ret deui kana beungeut cai. Buru-buru meungpeukan pameunteu, salirana beuki ngaleleper. Sawatara jongjongan ngembang kadu da teu percaya kana titi ngalianana. Ngan ukur sanggup tumaros ka diri pribadi, pokna,

„Lain kitu urang kayangan mah?” ti dituna mah ukur ngagereyem sasauranana teh, tapi pangreungeu eta jajaka teuing ku seukeut. Da barang tutas gegereyemanana ceuk Ki Semah,

„Sanes sanes urang kayangan. Tapi manusa biasa. Ki Umbara nu geus mangbulan-bulan lawasna aprak-aprakan nyorang leuweung luwang-liwung!”

Sekarwangi beuki ngarenjag mirengkeun kekecapanana teh. Babakuna mah tina teu disangka meueus-meueus acan yen gerejemna oge kacangking. Tungtungna mah awahing ku hayang sidik kana tangtunganana, teu burung maksakeun ngalieuk. Barang ret, barang gebeg deui. Anu tadina hayang nyidik-nyidik teh antukna mah ukur ngareret. Tapi tetela ayeuna mah jajaka nu teu kanyahoan ti mana jolna teh istu sampulur tangtung jeung kasep hese pandena. Socana herang cekas pameunteu pamoran ari bahamna bet kawas teu weleh dihias ku imut.

„Tetela nya!” pokna deui bari imut. „Manusa biasa nu ukur beda jinis wae sareng nu keur niis sisi talaga.”

Sekarwangi mesem bari tungkul kana akar kiara. Tatadi ge nu matak teu buru-buru ngaladenan nu capetang teh, lain sieun-sieun teuing, da puguh saendengna aya di pileuweungan, sieun ku naon? Ieu mah pedah kaget da ti barang aya di Talaga Kahuripan teh meh tara pasisinghareup jeung nu lian, angot jeung lalaki mah. Kajaba pangeusi lengkob eta wae. Ukur katut Ki Santa lan rama pulungna.

Keur ngeluk tungkul bari ngira-ngira saha pimanusiaeunana nu harita ujug-ujug celegedeg aya di dinya, geus ngong deui bae,

„Naha ieu anu katelah Talaga Kahuripan teh?”

Mirengkeun Ki Semah sasauran kitu, kapaksa Sekarwangi teh cengkat. Teras malik, mayun ka jalma anyar pinanggih, ta-

pi teu wantun tanggah, „Leres, leres,” walerna, „Ieu pisan Cika-
huripan teh. Mung punten, saha tea gamparan teh?”

„Nuhun, nuhun sarebu bingah salaksa pun engkang eng-
gal-enggal ditaros,” ceuk Ki Semah bari neutep kana raray
retnayu nu bangun sakitu ngempurna. „Ditaros ngaran mah
engkang teh Ki Macanwangi, Kawit ti Galuh. Numawi anjog
ka lebah dieu rupina wae kalangsu, nanging kaleresan kalangsu
teh bet ka Cikahuripan pisan”

Reg heula sasauranana liren, neureuyan ciduh, ari soca
keukeuh nanceb na pameunteu Sekarwangi. Ti dinya kakara
kebat deui,

„Tujuan nu sestuna mah puseur dayeuh nagara Sumedang-
larang, nanging hoyong tepang heula sareng pun Ua. Di leng-
kob Kahuripan linggihna teh ceuk wartos mah. Uninga ta han-
teu ka anjeunna?”

„Saha tea nu diseja ku salira panjenengan teh?” saur Se-
karwangi. Angger tungkul, tapi bari teger, pangacianana geus
kumpul deui.

„Paralun, paralun!” saur Ki semah, „Upami teu lepat mah
jenenganana teh Ua Kai Raksamanggala.”

Sekarwangi ngarenjag mirengkeun rama - kukutna disa-
bit-sabit teh. Teg wae, yen eta jajaka nu sakitu gagahna teh Pa-
ngeran Rangka Malela tea. Seuweu Prabu Gangga Malela anu
diselongkeun ka Galuh alam keur bureyna. Memang terang Se-
karwangi teh, rama kukutna sok angkat ka Galuh malah nepi
ka mulan-malen ngadon nganjang. Saurna mah pedah kagungan
saderek di ditu, turug-turug ti tanah Galuh pisan kawitna oge.

Kitu deui anjeunna sering ngadangu rama kukutna nyari-
takeun karajaan Sumedanglarang alam diratuan ku wangsa Ma-
lela. Alam nagara gemah raharja sepi paling towong rampog.

Tapi wangsa Malela runtang alam diratuan ku prabu Gang-
ga Malela, lantaran dibokong diperangan ku Prabu Ragapati
ti Silalawi. Saterusna, kantos ngadangu deuih, yen dina hiji mang-
sa seuweu Prabu Gangga Malela nu dijenengan Pangeran Rang-
ga Malela bakal mulih ka lemah caina pribadi. Baris mulang ka
tanah luluhurna nu memang butuh ku pitulung lantaran bala-

rea tingkoceak alatan ditandasa ku urang Silalawi nu geus dek saporapat abad heubeulna caricing di Kutamaya.

„Enya meureun ieu teh Pangeran Rangga Malela”, pokna dina ati. „Naha sumpingna nyalira? Apan saur Ama mah sumpingna teh bakal diiring ku wadiabala Galuh nu reana tanpa wilangan? Ari ieu? Ah, meureun nu sejen wae, da piraku Pangeran Rangga Malela mah sumping sosoranganan!”

„Enung uningaka anjeunna?” saur Ki Semah deui, bangun teu sabar da Nyi Wangi anggur ngajengjen bari teu lemek.

„Kantenan, kantenan terang mah. Malah sanes terang deui. da apan jisim abdi oge di bumina pisan nganjrek teh.” Sekarwangi kapaksa balaka, padahal tadina mah moal ieu balaka.

„Araya ta henteu ayeuna?!” saur Ki Semah deui.

Sekarwangi ngahuleng, teras ngareret kana pameunteuna. Ret kana anggoan. Seblak wae manahna, mani tingsariak saluar awak. Tariris teu paruguh kawas nu katarajang muriang. Atuh luput teu tiasa ngawaler. Ukur ngageremet dina angen, „Boa-boa ieu mah seuweu ratu Ambu ti kajangan ...”

„Upami teu uninga aya henteuna di bumi teh, punten wae atuh”, ceuk Ki semah deui. „di mana bumina pun Ua teh?”

„Di dinya di landeuh, teras mapay jalan satapak nu disengked. Tilu pengkolan kaopatna,” saur Sekarwangi nunjuk ka jalan satapak disengked.

„Nuhun atuh!” Ki semah ingguk. Reup peureum sawatara jongjongan. Mani tipepereket, kawas-kawas aya nu keur digalih.

Sabot Ki Semah peureum tipepereket Sekarwangi nyidik-nyidik sakujur warugana ti luhur nepi ka handap. Sawatara jongjongan mah anjeunna teu ngiceup, mencrong kana anggoanana. Heran ku anggoan jajaka nu sakitu endahna, warna beureum herang, ari dina dada beulah kiwa aya gambar macan tina suatan benang emas. Tatadi ge barang ningali tangtungan katut anggoan jalma anyar pinanggih kitu, emutanana ngacancang ka hiji mangsa nu sakapeung mah sok dianggap impian tea. Breh dina wangwanganana harita parapangagung nagara Kutamaja.

„Memang garagah kabeh ge”, saur dina grentes manahna. „Tapi sakanyaho mah taya nu make ageman kieu! Enya ieu jajaka teh urang jauh. Enya meureun ti Galuh, tapi tangtu lain jalma jore-jore. Ngan naha ari lain jalma jore-jore mah bet nilar nagara sosorangan? Lain kitu nu buron mah? Atawa boa teuing enya Pangeran Rangga Malela.”

Sabot sawala sareng dirina pribadi, ngong deui eta jajaka naros,

„Masih kenah anggang ta henteu ti dieu ka nagara?”

Nyi Wangi anggur malik naros, bari ngagamparankeun ayeuna mah.

„Nagara mana maksud gamparan teh?”

„Duka nagara mana-manana mah, supaya nagara wae!”

Sekarwangi ngahuleng da teu ngartos dumeuh eta jajaka nataroskeun anggang henteuna ka nagara, ari ditaros nagara nu disejana anggur ngawalon nagara mana wae. Kuduna mah pok wae disebut, kakara meureun kahartos. Malah pasti iasa ngawale, tidinya ka Kutamaya mah teu anggang-anggang teuing.

„Ke atuh!” ceuk eta jajaka deui, „Manawi uninga wae ieu mah. Dupi sim kuring ayeuna, aya di wewengkon nagara mana?”

„Sumedanglarang!”

„Sumedanglarang anu puseur dayeuhnana Kutamaja?”

Sekarwangi unggeuk.

„Tebih ta henteu ti dieu?”

„Kinten sadinten sawengi disorang ku badarat gancang! Cepet ngaler ti dieu mah”.

Eta jajaka ngahuleng deui, ret wae ka langit, sarta pokna bagun nu sungkan,

„Jadi upama mios wayah kieu teh, paling tiasa dugi ge ka nagara wayah kieu kenah dinten enjing?”

„Moal lepat deui upami gamparan teu kalangsu mah”, waler Sekarwangi bari unggeuk.

„Upami aya urang lembur nu daraekeun jajap atanapi punyaneun jadi tuduh jalan, sageuy sasab. Tah, ka saha tiasa nyuhunkeun tulung malar dianteur?”

„Sesah wayah kieu mah, enjing wae atuh!” waler Sekarwangi.

„Ngarereb di mana?”

„Di pangrereban ...” Sekarwangi imut bari neutep kanu sasauran. „Naha satungtung lumampah ti Galuh ka dieu, tara ngarereb pisan?”

„Kantenan wae osok mah!”

„Di mana sok ngarereb teh?”

Giliran nu ditaros ayeuna mah imut bari neutep ka Sekarwangi, ari pokna,

„Di pangrereban ngarereb mah. Aya dina dahan kayu, aya na luhur batu. Nanging palih mana atuh bumi teh?”

„Di lembur rorompok mah. Teu tebih ti dieu, ukur kahalangan ku hunyur, dina lengkob nu kakurilingan ku pileuweungan!”

„Lembur ageung di dinya teh?”

„Apan di bumi kasepuhan anu dipariksakeun tea! Apan ieu teh Cikahuripan. Nu dipariksakeun ku gamparan tadi!”

„Ke,!” huleng deui Ki Semah tarangna kerung.

„Sakaterang mah di Cikahuripan teh taya nu sanes iwal ti pun toa sarimbit. Ari kakang Jagabaya tos mulih ka jati ...”

„Aya deui!” Sekarwangi nempas. „Rencang aranjeunna sarimbit, pun bapa miwah pun biang ecesna mah, katut abdi gamparan pribadi.”

Sawatara jongjongan duanana paheneng-heneng. Tapi Nyi Wangi beuki yakin wae eta jajaka teh lain nu lian. Tangtu anu sok didongengkeun ku rama pulungna tea, nyaeta Pangeran Ranga Malela. Seuweu Prabu Gangga Malela nu diselongkeun ka Galuh basa karaton ditarajang ku wadiabala ramana ti Silalawi,

„Lebah mana bumina teh? Punten wae rada saliwang!”

„Di landeuh! Mapay jalan satapak anu disengked. Mung tilu kali mengkol ka opatna, tangtos bakal mendakan hiji bumi nu dibuder ku pakarangan anu teu kinten resikna!”

„Keresa nyarengan?”

„Rupina moal kalangsu ti dieu ka dinya mah, margi jalan sorangeun mung eta-etana!”

Satutasna sasauran kitu, Sekarwangi undurna dua langkah mani meh nincak sisi gawir talaga pisan, geus kitu kuliwed serebet wae lumpat, ngiles di antaraeun tutuwuhan nu sakitu rembetna.

Ki Semah ngembang kadu da teu nyana aya istri nu sakitu parigelna. Teu sangka yen bisaeun lolos ti payuneunana turug-turug mani ngan saserebet pisan.

Sawatara jongjongan anjeunna ngahuleng bari ngagelenyu, jol kaemut wae tina gerak-gerikna basa deuk ngejat ti dinya. Bet sarua pisan jeung gerak-gerik ramana di Galuh. Kukituna, eta istri nu can-acan ditaroskeun jenenganana teh ngalap elmuna tangtu di kasepuhan Kahuripan pisan. Ti Raksamanggala nu saur ramana suargi di Galuh, ka anjeunna teh kapernah toa. Kapan rama kukutna teh jenenganana oge Kai Raksadipura, rai ti misan kasepuhan Kahuripan.

Sanggeus ngemut nepi ka dinya, serebet deuih anjeunna oge lumpat, turut-turut jalan satapak nu dituduhkeun ku pribumi tea, teu kungsi lami geus anjog ka lebah lawang pakarangan nu dikurilingan ku pager tutuwuhan. Buru-buru nyamuni dina rungkun lebah lawang pakarangan tea, sejana megat nu ngejat ti talaga. Anjeunna yakin, nu ngejat saheulaeunana teh masih keneh aya satengahing jalan ka dinyakeun.

Sangkaanana teu salah. Teu kungsi lila ti kiwaeunana aya nu kokorosakan, malah kadangu sora dahan laleutik paringges. Bisa jadi di pingges-pinggeskeun, atawa bisa jadi katincakan. Kurumuy wae nu geulis teh tina lebah runggunukna kirinyuh nu pabeulit jeung eurih nu jarangkung satangtung-tangtung kolot. Panangan pakupis nyuay-nyuaykeun rerembet. Ti dinya gura-giru muru ka lawang pager. Bahamna engab siga-siga deuk ngagentraan nu aya di imah. Tapi kakara oge calangap jol sebrut wae diboro ku Ki Semah nu ceuk dina raraosan Sekar Wangi mah asa jol celegedeg wae aya di payuneunana.

Sekarwangi ngarenjag, bari ngabekem anjeun ku dampal panangan. Sajongjongan ngembang kadu mencrong ka Ki Semah nu harita ngan nyerengeh wae bari neuteup kana rarayna.

„Upami purun ti tadi ge naon banggana ngabandang nu nge-

jat ti sisi talaga,” ceuk Ki Semah bari imut ngagelenyu.

Sekarwangi teu lemek teu nyarek sajongjongan mah, angger mencrong bari dina manahna mah kapaksa kudu ngangken, yen tamu nu sakitu kewesna teh, horeng lain bantrak-bantrakeun. Tapi parandene kitu oge anjeunna teu ieu galideur. Buru-buru ngumpulkeun pangacian. Sejana ngejat deui balik ka urutna runtingkang tadi. Ti dituna mah deuk lebet ka pakarangan tukang anu brasna ka lumbung tukangeun dapur. Tapi barang mulih, Ki Semah geus nyampak aya di payuneunana deui wae. Malah pok pisan ayeuna mah sasauran, „Teu kedah babalិតan! Sumangga wae balaka, salira teh memang tunggal sanak pun Uwa. Margi jol kajudi, di dieu teh teu aya deui adegan iwal palinggihan kasepuhan katut lumbung sareng lisungna. Nya ieu bumi pun Uwa teh, sarta ieu deuih palinggihan salira oge. Mangga geura pungkir!”

„Teu seja mungkir”, saur Sekarwangi bari ngahegak. Sekarwangi kapaksa neuteup deui pameunteuna Ki Semah, teu pupuguh cisocana merebey. Katangeneun ku Ki Semah oge, atuh pok wae ditaros, „Aya naon?”

Sekarwangi ngabetem.

„Tos teu aya dikieuna kasepuhan teh?”

Sekarwangi unggeuk. Nyusutan cisoca ku tungtung raksukan. Nyarios dumareuda bari nunjuk ka beulah wetan, ka lebah runggunukna tangkal kamuning jeung hanjuang, anjeunna sasauran dumareuda, „Di dinya dihiangkeunana oge, tos dua usum lamina ti danget ieu teh. Geureuhana mah nembe sausum.”

Ki Semah bangun hanjelu mirengkeun kasauran pribumi teh. Bari ngareret kana hunyur nu diiuhan ku tangkal kamuning anjeunna nyarios, „Jauh-jauh panjang gagang! Ti anggangna awaking datang, lantaran aya amanat rama, lantaran aya dawuh ratu! Lamun geus aya di nagara Sumedanglarang, awaking kudu nyelang heula ka Kahuripan. Kudu tataros kuma nya pikarepeun satungtung ulun kumawula ka nu ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara. Kari-kari nu dijugjug ukur kantong jenengan!”

Sekarwangi bengong ngadangu kekecapan eta jajaka teh. Angot barang ningali kuma kaayaan rarayna harita mah, . . . tetela bangun nu nalangsa. Bari tingsareblak manah ku kaayaan Ki

Semah kitu, pok wae sasauran dumareuda, „Langkung sae ka saung butut butut wae atuh! Gambaran kedah reureuh palay, . . . apan sumping ti angganga!”

Ki Semah ngajengien bari teu weleh kerung; bangun teu ieuh malire ka nu sasauran da anjeunna kalah gegereyeman, „Dua puluh taun ti harita nepi ka ayeuna teh! Cenah aing kakara umur sa-taun. Hmh. . . . teu sangka. Sugaan teh lain kieu lalakonna! Ngan saha, naha anaking bet dingaranan Rangga Malela? Pan cenah Rangga teh gelar, ari awaking bet geus digelaran kitu ti barang gu-brag ka pawenangan! Teu kaharti. . . .”

Memang kadangueun pisan saucap-ucapna Ki Semah teh. Eces pisan, sanajan sasauranana gegereyeman. Atuh teu talangke deui ngan brek wae Sekarwangi tapak deku, cong nyembah bari ngeluk tungkul kana taneuh, „Gambaran teh memang leres prabu anom Sumedanglarang anu sering disaurkeun ku kasepuhan. Memang kitu pisan sangkaan abdi gambaran oge.”

Rangga Malela ngarenjag ningali polah pribumi kitu teh. Teu ieuh disangka baris kadangueun. Tapi teu burung anjeunna malik nyembah, nganggo tata cara kasopanan alam harita, mun disembah sok malik nyembah. Teras pribumi teh diteuteup imeut naker, ti mastaka dugi ka dampal sampean. Sasauran salebeting kalbu, „Ieu teh mojang gunung, tapi teu wudu hade pisan rupana. Parigel jeung rancage, uteukna seukeut, pangdengena oge nyakitu deuih. Bubuhan warahan Rama Ua meureun.”

Sawatara jongjongan duanana teu lalemek, paheneng-heneng wae. Nu saurang keukeuh neuteup, ari nu lianna ngeluk bari tepak deku. Ngan barang kauninga Ki Semah teu lemek wae, Sekarwangi sasauran deui, „Ieu bumi teh kagungan tuang Rama suargi, Abdi Gambaran mah mung darma jadi patunggon. Kitu oge awahing anut ka pun Bapa miwah pun Biang nu memang cantrik kasepuhan.”

„Hmh!” Pangeran Rangga Malela dehem bari rurat-reret ka ditu ka dieu, teras ngarenghap. „Jauh-jauh panjang gagang, Jauh-jauh dijugjug anggang-anggang diteang, . . . handeueul!”

„Jadi leres dampal gambaran teh Pangeran Rangga Malela?” pok pisan Sekarwangi teh naros; ari batinna mah seueul lain diki-

euna pedah Ki Semah bangun rada apilain diajak sasauran. Tapi harita mah ngawaler, „Keur budak mah katelah teh Ki Nunggal, geus sawawa sarta sanggeus jadi kapetengan Prabu Niskala Wastu Kancana di Galuh, nya kenging jujuluk Ki macan Wangi. Tegesna macanna Sang Prabu Wangi. Ari Prabu Wangi nyaeta gelar luhung Sang Prabu Niskala Wastu Kancana. Marga anjeunna ratu agung tanah Sunda di beulah wetan. Anu jenenganana pohara kawangi-keunana. Nu pohara wangina. Anjeunna dipikaserab ku sakumna pra ratu di tatar Sunda lan kajawen. Nya ieu, pamukna! Ki Macan Wangi nu keur budakna disebut Ki Nunggal.”

Jep heula sasauranana teras mencrong ka Sekarwangi nu harita teu weleh mencrong deuih ka anjeunna bari ngabandungan kecap-kecapna.

„Enung!” saurna bari ngarenghap deui. „Naha make uninga yen Engkang teh seuweu Ratu Sumedanglarang baheula?”

„Dilelebah wae ku abdi gamparan teh”, walerna bari apa-eupeu teu puguh cabak lantaran paadu teuteup.

„Dilelebah kumaha? Na Enung tiasa nujum?”

„Upami dipercanten mah abdi gamparan sering nguping ti kasepuhan, dina hiji mangsa bakal sumping pamuk Galuh ka Kahuripan. Eta pamuk teh taya sanes nyaeta Pangeran Rangga Malela nu dina keur bureyna diselongkeun ka Galuh ku seuweuna kasepuhan. Abdi gamparan emut keneh kana kasauran kasepuhan, yen pisumpingeunana pamuk Galuh teh kinten-kinten tilu usum deui dietang tina mangsa anjeunna sasauran. Memang ayeuna pisan dangetna. Ninggang dina bulan paro terang mangsa katiga.”

Rangga Malela megeg napas bari peureum, kawas nu keur ngagulungkeun hate jeung pikiran. Teras ngarenghap, ditungtungan ku humandeuar. Ahirna mah pok wae sasauran, „Saur ratu Galuh upami kasepuhan Cikahuripan jumeneng keneh, Engkang diwidian ngarereb dalah mulan-malen. Nanging upami anjeunna paran-tos dipundut ku Nu Kagungan, engkang teu kawidian reureuh-palay reureuh-palay acan, ceuk wiwilanganana mah. Kedah kebat ka Kutamaya pikeun ulun kumawula ka nu ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara. Ku kituna, engkang seja tumut ka dawuh ratu, hamo baha kana timbalan raja, ayeuna keneh oge amit wae.

Mung punten, ka mana jalan ka dayeuh teh?"

Sekarwangi kaget lain dikieuna mirengkeun nu sasauran teh. Teu kagalih meueus-meueus acan bet aya tamu jauh nu teu beunang diaku-aku acan. Heug eta tamu teh lain si itu si eta, tapi seuweu Prabu Gangga Malela anu kasambut di medan jurit basa Kutamaya ditarajang ti bongohna ku wadiabala ramana.

„Gamparan!” saur Sekarwangi bari maksakeun anjeun tanggah. „Naha yaktos gamparan teh hamo keresa diangken ku urang gunung?”

„Euh! Lain teu keresa, tapi engkang hoyong buru-buru laku. Hoyong geura anjog ka nagara. Ka mana jalanna?”

„Jadi gamparan teh bade teras ka nagara dinten ieu keneh?” Rangga Malela unggeuk, „Cepet ngaler ti dieu mah!” saur Sekarwangi bari nuduhkeun jalan satapak nu cikeneh disorang. „Landeuheun talaga aya curug. Tah, sumangga wae angkat turut-turut sisi cai. Gamparan bakal dugi ka Kutamaya, margi wahangan anu sungapanana di Cikahuripan teh brasna ka nagara.”

„Nuhun diwartosan”, saur Ki Semah. „Engkang hamo hilap kana pangangken Enung. Muga-muga wae baringsupagi sing diparengkeun paadu lawung deui. Mung, punten wae tumaros, wayahna nikukur. Saha tuang jenengan teh?”

„Pun . . . pun Sekarwangi katelah mah!” walerna pegat-pegat.

„Euh!” Ki Semah tanggah. Sekarwangi. . . Ari sekar teh kembang, wangi seungit atawa arum. Memang payus, memang sieup eta jenengan teh dilarapkeun ka Enung!”

Sekarwangi mani asa paranas daun ceuli ngadangu kasauran Ki Semah kitu teh. Reup wae peureum ari manahna dagdig dug sada nu ngadulag. Tapi barang nyah deui beunta, celegedeg wae ngadeg, laju rarat-reret, . . . Pangeran Rangga Malela geus ngiles.

„Heran! Heran!” pokna gegerendengan. „Naha mani teu kadenge langkah-langkahna acan.”

Ras wae anjeunna emut kana raksukan nu dianggo ku Ki Semah, pok deui gegerendengan. „Hanteu atuh! Hanteu upama kikituan mah. Anjeunna bakal dicarangkalak ku urang nagara! Kudu sina salin anggoan!”

Berebet wae lumpat ka bumi. Bus ka pangkeng kop kana raksukan wulung lalayu sekar kakantun rama pulungna. Nepangan heula Ki Santa katut Nyi Maya nu keur taronggoy nyaritak gula beureum. Bari bangun marudal anjeunna hariweusweus ngadongengkeun lalakon cikeneh. Tapi teu puguh alang-ujurna kawantu hayang geura los nyusul nu angkat. Sarta samemeh Ki Santa ngarti naon-naon anu disaurkeun Nyi Wangi geus becir manten. Lumpat tipaparetot muru ka lebah curug. Bari teu weleh neneda ka Nu Kawasa, Ki Semah can sabaraha anggang ti Kahuripan . . .

— oooOooo —

VII

TI BARANG NGANTUNKEUN Sekarwangi teh, Rangga Malela kebat angkatna, mapay-mapay jalan satapak disengked anu brasna ka talaga tea. Nepi ka talaga, reg heula ngarandeg. Sawatara jongjongan mah ngalangeu. Ret kana kiara, ngancunan kunyuk nu tingguntayang bari pating jerewet jeung runyah-renyoh. Siga pisan nu cua kunyuk-kunyuk teh ka jalma anyar pinanggih, pedah cikeh gunem catur jeung Sekar Kahuripan. Geus kitu ret kana talaga, nyerangkeun cai nu tingrariak ombak-ombakan da diulinkeun ku angin nu tingseleket tina sela-sela gawir. Kakayon ngarigel tingarengklak, manuk recet na dahanna. Kabeh saruka bungah, kawas ngabageakeun ka nu nembe sumping. Kajaba kunyuk-kunyuk nu bangun teu sarugemaeun teh, tayohna wae sieuneun kaleungitan retnayu nu geus mangtaun-taun lawasna sasat jadi sobat medok.

Bari nyerangkeun citalaga anu sakitu canembrangna, emutanana mah aya di landeuh. Ngait ka Sekarwangi nu tadi ngalangeu di dinya bari ngarumbaykeun sampean kana cai. Nyeb wae imut, geus kitu mah kakara angkat deui, cepet ngaler bari gogorobasan di nu bala.

Najan sasat jalma anyar di lelewék Sumedanglarang, tapi ku sabab geus kaluangan nyorang pileuweungan, atuh teu kungsi lila oge anjeunna geus anjog ka sisi curug nu tadi disaurkeun ku Sekarwangi.

Sarangenge geus rada dengdek, hawa beuki nyecep. Ret ka landeuh. Breh wae rungunukna dayeuh. Tembong tengtong suhunan adeganana harideung. Kuta benteng ngembat ngujur nge-tan mani tilu lapis, karimbunan ku dapuran awi jeung tangkal çau. Tangkal kalapa jeung jambe rajeg sabuderna, daunna pating arulang ngagarupayan, kawas ngahiap-hiap pamuk Galuh pikeun buru-buru cunduk ka tanah luluhur.

Sakitu ti kaanggangan nyawangna, aneh lain dikieuna Pange-ra Rangga Malela teh, manehna ngadadak tingsareblak, mana salira tingsariak. Ari dina soca batinna eces nembres sagala kajadi-an ka tukang. Alam Sumedanglarang masih keneh diheuyeuk ku para luluhurna. Da apan alam ramana nyakrawati bahudenda mah ceuk beja nu dugi ka anjeunna oge, nagara istu gemah ripah loh jinawi. Tapi ti barang dilandih ku urang Silalawi mah kaayaanana robah sama sakali.

Ras anjeunna emut kana timbalan Sri Maha Prabu Niskala Wastu Kancana, dijurung laku ka tatar Sunda beulah kulon teh di antarana pikeun neangan padataran anu deuk dibeulah. Tanah nu sieup dijieun puseur dayeuh. Marga Sang Prabu aya emutan pikeun ngalihkeun galih-pakuan ti wetan ka kulon. Lianna anjeunna nam-pi dawuh pikeun ulun kumawula ka pupuhu nagara Sumedang larang anu kaemper-emperkeun pisan kadaulatanana.

Tapi barang ret kana anggoanana, anjeunna ngagebeg sata-ker kebek. Nembe emut, nu dianggo teh anggoan para pamuk bangsa kapetengan ratu.

„Kana hanteu awaking teh ari kikiueun mah!” pokna dina ati. Teras ngahuleng bari ngemut-ngemut kumaha nya pipetaeun.

Sajongjongan mah ngajengien wae awahing ku bingung padahal Sang Prabu di Galuh ngadawuh yen datang ka Kutamaya teh ulah nanggarkeun diri.

Keur uleng ngalamun bari ngemut-ngemut kumaha nya pipe-taeun, gorobas teh tinu bala. Tapi teu reuwas ieuh da cepilna geus iasa ngabedakeun antara sora manusa jeung margasatwa. Ngan teu burung eta oge ari ngalugas gobang mah; caringcing di dituna mah da bisi nu datang teh jalma teu puguh.

„Gamparan!” nu ngagorobas ngagentraan.

Kakara harita mah reuwas, sanggeus ngadangu soantenna, da teu ieu disangka, horeng Sekarwangi. Mojang demplon nu memang aya pangaruhna ti barang mimiti gok di sisi talaga. Atuh sup wae gobang teh dikana-sarangkeun deui. Neuteup teu ngiceup-ngiceup, bahamna engab. Teras ngarenghap. Manahna ratug tutunggulan. Keur kitu nu geulis hariweusweus, „Upami bade angkak ka nagara,” saur Sekarwangi deui bari ngasongkeun buntelan, „punten wae urang gunung wiat.”

Buntelan ditampi, beuki anteb neuteupna ka Sekarwangi, Pok wae naros, „Naon ieu teh, Enung? Pasangon bilih nu lumampa kalempohan?”

Sekarwangi gideug.

„Anggoan”, pokna dumareuda bari ngeluk, ”Hatur lumayan wae.”

„Kawasna wae Enung surti engkang ka dayeuh teh kedah nyamar!” saurna bari keukeuh neuteup.

„Yaktos kitu, malah upami dipercanten mah, na teu langkung sae upami talakop perah gobang teh dikantun di dieu.”

Ki Semah imut. Serepet deui gobang dilugas. Kop kana badi nu disesepkeun dina angkeng, emas paradah talakop perah gobang teh dicokelan, sanggeus lesot dipasihkeun ka Sekarwangi, kitu deui raksukan beureum tina sutra oge dilaan.

„Wiat wae atuh, dina hiji mangsa engkang deuk ngahaja dongka ka Kahuripan. Ngalongok katut barang titipan. Ieu gobang teh pasihan ti hiji santana karajaan di Galuh pedah katulungan jiwana di tegal pamoroan. Lalakonna mah iraha deui wae didongengkeun ku engkang! Ari raksukan katampina ku engkang teh tina dampal panangan Sri Maha Prabu Wangi pisan. Dawuhna mah minangka ganjaran ka nu geus ngestokeun dawuh ratu timbalan raja. Basa engkang mulang ti medan perang di tatar wetan.”

Raksukan wulung nu katampi ti Sekarwangi buru-buru di-anggo. Ret anjeunna ka beulah kulon. Najan kaitung beurang ke-neh tapi teu weudeu di lebah dinya mah geus reyem-reyem. Ku kekep-kekepna kakayon turug-turug kacida gomplokna, sakitu kakara liwat wanci lingsir ngulon teh sarangenge mah geus teu tembung.

„Aya amanat naon deui? Pok saurkeun! Engkang kudu buru-buru laku. Meureun wengi ieu teh kapaksa deui wae kedah mondok na dahan kakayon.”

„Naha atuh gamparan teu ngarereb heula wae di Kahuripan?”

„Margi aya timbalan ti Sang Prabu apan tadi ge tos disanggemkeun. Upami Kasepuhan Kahuripan masih keneh jumeneng, engkang kening ngarereb sawengi, nanging upami parantos mulih ka jati, sanaos dongkap wanci janari oge kedah teras mios deui.”

„Jadi gamparan teh bade angkat wae sanaos kawengian di jalan?”

„Ti barang mios ti Galuh oge tos biasa kawengian di satengahing jalan. Mangkaning lumampah meh dua sasih campleng.”

Sekarwangi ngahuleng. Bari ngeluk tungkul cipanon mah murubut.

„Naha Enung nangis?”

„Abdi gamparan teh teu kinten hoyongna lunta ka nagara, margi di saemut mah, ti barang nganjrek di Kahuripan, mung ukur terang cek beja. Ku hoyong-hoyongna, abdi gamparan teh sok ngahaja ngalangeu lebah dieu ngadon nyerangkeun dayeuh ti anggangna.”

„Teu acan pisan Enung ka nagara.”

„Kantos. Malah samemeh jadi urang Kahuripan teh ngumbara heula di Kutamaya.”

„Kantos ngumbara di Kutamaya?”

„Sumuhun, nanging kapungkur basa abdi gamparan leutik keneh Malah saur kasepuhan mah dijurukeun oge di Kutamaya, di karaton pisan tempat digelarkeun ka dunya teh.”

„Baruk di karaton?” Rangga Malela ngajengahok.

„Yaktos, apan pun Biang teh pangasuh putri bungsu Prabu Ragapati gelaran parekan. Mung pun biang teu lami kumawulana. Kabujeng pupus manten. Ti barang dikantun ku pun Biang, abdi gamparan dirorok ku pun Bibi miwah pun Paman di Kahuripan. Bilih kirang ngartos mah pun Paman teh jadi cantrik kasepuhan, malah jadi patunggon wae teras ti barang kasepuhan jaler istri parupus mah.”

„Ti yuswa sabaraha taun Enung ngantunkeun kadaton?”

Ki Semah beuki kataji ku lalakon retnayu, sanaos nepi ka harita mah anjeunna percanten wae, Sekarwangi teh putra pangasuh putri bungsu ratu Kutamaya.

„Teu emut lalakon sabaraha usum harita teh. Mung upami gamparan tos dugi ka karaton, upami dikersakeun iasa patepang sareng putri panengah, punten wae pangdugikeun ka anjeunna abdi gamparan aya keneh di kieuna.”

”Enung uninga ka putri panengah? Pan can emut kana na-naon harita teh?” Ki Semah beuki heran.

„Teu emut soteh kana yuswa, nanging ari kana rupi kajadian nalika aya keneh di Kutamaya mah memang seueur oge anu aremut. Abdi gamparan emut keneh, parekan ratu dina hiji mangsa leungit tanpa lebih ilang tanpa karana, ari anjeunna istu pohara nyaaheunana ka abdi gamparan. Kitu deui Sang Prabu, sanaos abdi gamparan ukur seuweu inang pangasuh, nanging teu kinten asihna. Dalah dugi ka iraha wae oge hamo hilap kana kasaeen Sang Prabu miwah parekan . . . Kalihna deui, abdi gamparan hamo hilap ka putri panengah nu teu kinten nyaaheunana deuih. Ka abdi teh deudeuhna bet badis wae ka dulur pet ku hinis.”

Dugi ka dinya Sekarwangi sasauranana da teu kaampeuh ku cisoca nu geus ngalungkrah maseuhan damis.

Rangga Malela enya-nya ngadangukeunana, tapi rada jubajebe basa Sekarwangi muji-muji Prabu Ragapati pedah dipikadeudeuh. Pok wae naros, „Sanaos Enung masih keneh burey, cing naon deui nu uninga perkara Prabu Ragapati?”

Sekarwangi nyusutan cisoca ku peupeuteuyan. Neuteup ka Rangga Malela, ari walerna, „Sakaterang mah anjeunna teh pohara saena. Ratu estu sembaheun sakumna pangeusi nagri. Jembar manah sareng adil. Malah ceuk emutan mah, anjeunna teh hiji pameget anu pangsucina di dunya!”

Sekarwangi ngahaja sasauran kitu, mancing-mancing Semah da hoyong terang kumaha temahna upami ngadangu ramana dipuji. Kituna teh awahing ku hoyong enya yakin yen Ki Semah teh Pangeran Rangga Malela seuweu Prabu Gangga Malela anu saur rama kukutna jadi kapetengan Ratu Galuh.

Pancingan keuna. Da puguh enya Ki Semah teh Pangeran

Rangga Malela. Barang Sekarwangi liren sasauran, srog anjeunna majeng, kek kana peupeuteuyan. Dicerek satakerna bari tipeperet. Pok wae naros, bari soca molotot sarta raray geuneuk.

„Naon, kukupingan teh Ratu Ragapati manusa anu pangsucina di dunya? Ratu adil? Sabar? Hmh mun enya ge manusa suci, mun enya ge sabar, moal enya balarea bangkareak! Moal enya urang Kutamaya malabur!”

„Kalaburna urang Kutamaya, bangkareakna balarea”, saur Sekarwangi teu riuk-riuk. „Sanes kalepatan nu jadi ratu. Abdi gamparan terang, riweuhna, kalutna Sumedanglarang teh margi aya nu ti sisi ti gigir nu ngawasa nagara di sagedengeun ratu. Nu maranggul pancen nagara teu tarumut ka dawuh ratu, tapi nu sejen nu digarugu teh, sareng ngagarugu ka na karep hatena sorangan.”

„Sekarwangi!” Rangga Malela nyentak bari ngageubigkeun retnayu.

Sekarwangi keukeuh teu riuk-riuk, mencrong anteb ka Ki Semah. Atuh beuki ngagidir wae Rangga Malela teh. „Nyaho naon anjeun perkara nagara? Pan cenah nilar Kutamaya teh basa leutik keneh? Tapi naha mani kawas nu nyaksian saban mangsa kana kaayaan di karaton? Carita Wangi!. Biluk ka urang Silalawi atawa ka urang Kutamaya?”

Nepi ka harita mah, dalah disengoran jeung digeubig-geubig oge, Sekarwangi masih keneh sanggup ngayonan, da angger wae mencrong bari bangun ayem naker, malah anggur malik naros, „Ari gamparan! Ka mana biluk? Ka urang Silalawi atawa ka urang Sumedanglarang?”

„Kami mah mihak ka nu bener, Wangi! Mihak ka nu adil,” beuki angot amarahna Pangeran Rangga Malela teh, cacakan nu disanghareupan lain istri mah moal teu dirangsang inya.

„Reungeukeun Wangi! Kami teh Patih Galuh teureuh Kutamaya. Nya kami Pangeran Rangga Malela! Seuweu Ratu Sumedanglarang baheula anu dibokong di pangperangan ku wadiabala rampog ti Silalawi! Rampog, Wangi! Bajag wungkul urang Silalawi teh! Kabeh ge manusa jahat nu matak urang Sumedanglarang tingjarerit oge ku naon atuh? Tangtu lantaran ditandasa ku bangsa’

mangandeuh nu memang baroga lampah sakawenang-wenang ti ratu nepi ka tamtamana! Lantaran ti hulu wotanna kiruh', pantes wae di hilir ge lecek. Alatan ti sungapan kotor, sieup wae di muara barala! Kaharti Wangi?!"

„Tapi gamparan teu uninga kana kaayaan nu saleresna! Gamparan nembe uninga cek beja. Tacan netelakeun ku soca pribadi!"

Sekarwangi mimiti dumareuda, hatena tingsereset pedah ramana disamarutkeun jeung rampog. Ngan papadaning kitu oge kapaksa ngangenken, yen enya Kutamaya teh dibokong diperangan. Enya karajaan Sumedanglarang teh dilindih. Pantes urang Silalawi teh masing disebut mangandeuh oge. Kangaranan mangandeuh tea, sok mulus morontod dirina bari milu cicing, ari nu dicicingan nungtut ngarangrangan, nepi ka pamustunganana mah ngerenteng garing.

„Wangi!" saur Rangga Malela deui. „Kami teu hayang papanjangan wawadal! Ngan teu sangka Wangi, horeng anjeun teh musuh kami Boro weh dirorok ku Uwa Raksa suargi boro weh ti kikirik nepi ka jadi anjing aya di Kahuripan, hirup ngumbun jeung urang Sumedanglarang, tapi ari ati keukeuh ngait ka bibi tadi. Salah, salah Ua suargi ngukut jelema teh! Teu bina ti ngukut maung kuru anjing regeng!"

„Gamparan!" Sekarwangi ngajerit bari ngepeskeun panangan nu dicerek ku Rangga Malela, terus meungpeun. „Abdi gamparan mah nyanggem perkawis Prabu Sumedanglarang teh bongan diparias. Wantun sumpah, teu dilangkungan teu dikirangan. Da yaktos cek emutan mah, Prabu Ragapati teh memang hiji pameget anu pangsucina di dunya."

„Meugeus Wangi! Kami teu hayang ngadenge deui. . . . jeung teu hayang papanjangan! Paingan teu hayang nyimpang-nyimpang acan tadi ge, da aya satru dina baju!"

Bari sasauran kitu teh Rangga Malela malik, teras wae ngalengkah, gagancangan mapay sisi gawir wahangan. Teu ngalieuk deui ka nu ngajengjen bari soca rambasbas teu tuus ku disusutan teh.

— oooOooo —

VIII

WANJI SAREUREUH KOLOT Sang Sunu nembe dugi ka lebah birit dayeuh. Mangsana poek bulan, tapi langit lenglang turug-turug bentang baranang. Angin katiga ngahiuk, sorana pasawur jeung seakna ciwalungan di landeuh.

Najan patuangan pupurilitan menta eusi, najan hawa peuting mani tingceletit kana ati, tapi sanggeus nyerangkeun dayeuh di peuntas sawatara jongjongan lilana, goledag wae anjeunna ngagoler. Nyangsaya kana akar loa nu ngaroyom ngiuhan biwir gawir di lelewek dinya. Reup wae kulem, tibra naker. Emut-emut enjingna wanci haneut moyan, kitu oge awahing kagareuwahkeun ku nu tingcakakak bari najongan kana salirana. Barang nyah beunta bari gigisik, anjeunna ngagebeg sataker kebek da simanahoreng harita teh geus dilingkung ku jelema-jelema anu samakta ku pakarang. Sawelas urang nyarandang tumbak, saurang anu pangawakanana rada bayuhyuh nyoren gobang. Malah nu nyoren gobang pisan anu harita najongan kana salirana bari ngaieuh-ieuh oge. Can ge sempet gugah, sibayuhyuh nyoara, "Urang mana silaing? Karaman nu ngaranjah dayeuh meureun, nya!"

Rangga Malela teu lemek, malah anggur heg mencrong kana beungeutna. Atuh jekuk deui wae ditajong mani kana bobokong pisan, sarta pokna heuras, „Naha silaing ditanya teh kalah ka ngabugeu? Jeung nanaan make kumawani neuleu kana beungeut

kami? Ieuh bisi silaing teu nyaho, kami teh Jayadipati. Prabuanom Nagara Silalawi, kapi seuweu Ki Ageng Langkara anu nyakrawati bahudenda tanah Sumedanglarang!”

Ngadangu kasauranana kitu, korejat wae gugah, gek calik mendeko bari tungkul. Cedok nyembah ajrih naker pok wae unjukan, „Abdi gamparan teh kasasar enggoning lumampah. Aya di dieu teu terang lebah mana-manana. Abdi gamparan wantun sumpahna, teu terang meueus-meueus acan yen gamparan teh geuning anu ngasta pati huripna abdi-abdi di Nagara Silalawi.”

„Deuleu etah! Geuning capetang ieu mangkeluk teh!” ceuk Jayadipati deui bari ngagakgak. Seug ngusapan kumis nu ngaroyom kana biwir. ”Tapi ayeuna mah geus eungeuh nya, . . yen kami teh pangagung nagara?”

„Dawuh gamparan.”

„Tah, sakalian wae dicaritakeun. Ambeh silaing nyaho. Silaing teh ayeuna aya di peuntaseun dayeuhna nagara Sumedanglarang. Kabireungeuh meureun ku silaing ge, tuh di peuntas. Kami di dieu geus aya mingguna, diangkir ku pupuhu nagara Sumedanglarang. Tapi, . . . ari silaing ti mana asal?”

„Abdi gamparan teh upami dipercanten mah kawit ti Ujungkulon. Ari katelah ti saemut mah Ki Nunggal wae reh digelarkeun ka pawenangan estu nunggal. Teu dikersakeun gaduh dulur saurang-urang acan.”

„Baruk silaing urang kulon?”

„Dawuh timbalan.”

„Ari nu matak loslos ka dieu nahaon nya pikarepeun?”

„Abdi gamparan teh tos pohara heubeulna ditilar ku pun Bapa miwah pun Biang. Upami teu lepat mah tos aya sawelas tauna ti danget ieu teh. Tah ti barang dikantun ku arajeunna, abdi gamparan teh teu betah aya di bali geusan ngajadi nya wae ngaleos, lunta sakaparan-paran. Saendengna teu weleh ngalalana nuturkeun indung suku sareng pangajak hate.”

„Bisa dipercaya omongan silaing teh atawa henteu?” „Jaya-dipati mencrong kana gobang anu nyolegreng dina angkeng Rangga Malela. Paromanna bangun cangcaya kana kekecapan anjeunna.

„Wantun sumpahna, yen sagala anu disanggemkeun bieu teh

istu saleureusna.”

„Tapi eta gobang, . . . sakanyaho mah ngan diparake ku para prawira nagara. Cing dewek ngilikan!”

Barina kitu teh Jayadipati ngiceupan ka para tamtama anu ti barang Rangga Malela ngorejat oge geus taraki-taki satumbakna-satumbakna. Basa dikiceupan ku pangagungna, srog wae kabehanana maraju, congo tumbak ditujukeun kana salirana. Atuh Jayadipati oge rikat naker ngalugas sorenanana.

Harita teh Rangga Malela aya maksud ngudar tali gobang deuk disanggakeun ka nu mundut, tapi teu kaburu orak da lamun seug usik teh tanwande kulitna kakaut ku congo tumbak anu sakitu sareukeutna. Ari saur Jayadipati, „Keun bae euy! Dewek ge bisa ngarawatna gobang silaing mah. Tong susah-susah.”

„Ku abdi gamparan oge bade disanggakeun, apan kukuping-mah mah dipundut bieu teh.”

„Enya dipenta, deuk diilikan sakeudeung. Tapi dewek cangcaya ka silaing, matak keun ku dewek!”

Kituna teh Jayadipati bari ngarongkong, kerewek wae kana perah gobang. Serepet dilugas. Terus diimeutan, tenget naker. Tarangna mani kerung-kerung wae. Geus kitu mencrong deui ka Rangga Malela sarta pokna, „Bener ta henteu silaing urang Ujungkulon?”

„Abdi gamparan nyanggem teh estu saleresna.”

„Tapi ieu gobang, teu pantes aya di silaing. Lamun bener mah nu dicaritakeun cikenah, yen silaing urang Ujungkulon. Ari ceuk ingetan dewek mah, parabot kieu mah kuduna disandang ku bangsa pangagung nagara.”

Rangga Malela melengek. Kaemut sapada harita keneh, yen papanjangan sawala jeung si gendut Jayadipati teh taya gunana. Malah moal boa aya matakna, da apan tetela inyana jol bisa nganyahoankeun wae yen eta gobang teh ageman para prawira. Taya bedana ti dirina harita pisan, apan nyakitu pisan, nyorendangkeun gobang.

„Naha silaing jempe?!” Jayadipati nyengor bari jekuk deui kana bobokong. „Carita sabalakana anggursih! Ti mana silaing teh? Jeung nahaon pamaksudan nu matak loslos ka Sumedanglarang?”

Cong deui Rangga Malela nyembah, bari saurna, „Abdi gamparan teh memang yaktos kawit ti Ujungkulon, ananging ti barang ditilar ku pun Bapa miwah pun Biang dina sawelas taun nu tos kalangkung teu weleh ngaprak ka mana-mana. Malah upami dipercanten mah, abdi gamparan teh kantos sababaraha kali ulun kumawula di sababaraha karajaan.”

Bari keukeuh ngimeutan pedang, Jayadipati nyoara deui, „Heueuh keun we lanan perkara lalakon silaing mah, ngan dewek hayang meunang raratan nu pikahartieun: Ti mana silaing boga gobang ieu? Beunang ngabadog atawa meunang pamere ti ratu di salah sahiji nagara?”

„Leres kening nambut, nun.”

„Kening nambut kumaha?”

„Sumuhun, harita teh abdi gamparan nuju kumawula ka Ratu Madialaya. Rupina dampal gamparan oge uninga di mana pernah-na eta nagara.”

„Enya, terus!” Jayadipati unggeuk-unggeukan.

„Abdi gamparan teh midunungan ka papatih di dinya. Kirang langkung tilu sasih heubeulna. Dina hiji mangsa ti peuting harita teh abdi minggat. Tambi lengoh, nya ngabantun gobang kagunganana.”

„Teu kaharti! Naha minggat ukur ngabanjut gobang? Naon gunana gobang pikeun silaing? Bisa ge moal ngagunakeunana!”

„Memang yaktos ku salangkung mah taya gunana” waler Sang Sunu. „Nanging sumangga uninga sing telik. Apan kapungkur mah dina perah sareng warangkana ditalakopan ku emas paradah. Tah eta anu teu kinten ageung gunana mah. Lumayan jangeun bekel di satengahing jalan satungtung ngalalana.”

Jayadipati melengkeng mirengkeun katerangan Sang Sunu, terus mencrong deui bari unggut-unggutan. Tapi inyana keukeuh cangcaya. Karepna masih deuk ngaguliksek, tapi sabot kitu kadenge sora kuda tingkaletpruk. Beuki lila beuki eces, jeung beuki ngadareukeutan wae malah teu kungsi lila mah reg wae areureun. Teu tingkaletpruk deui cara tadi. Ukur tingsalegor irungna, hiji dua kadenge sukuna titimbris kana taneuh. Teu kungsi lila ngong aya nu nyoara. Rangga Malela ngagebeg da eta sora teh sidik ka-

luarna tina baham hiji wanoja, turug-turug teu bisa dipaling yen ka eta sora teh anjeunna geus wawuh. Sarua pisan jeung sora mojang gunung nu kamari ngajengjen wae sisi gawir di deukeut curug.

Barang ret ka lebah dinya, beuki ngagebeg wae. Memang enya cenah, inyana teh Sekarwangi. Tapi naha bet diaping ku para tamatama anu sakitu kewesna. Lolong aing teh, simanahoreng Sekarwangi teh teureuh karaton! Tapi naha bet dirorok ku Ua Raksa?

Teu kahartoseun meueus-meueus acan ku pamuk Galuh teh. Ngan barang ras kana amanatna basa memeh paturay tea. Nembe kahartos, yen memang enya cenah, Sekarwangi teh tedak karaton. Enya seuweu Prabu Ragapati nu matak kamari ngaluskeun oge. Ngan kawasna inyana mah putri ti parekan anu diselongkeun ka leuweung. Meureun putri panengah tea, nu cenah pohara nyaah ka dirina.

„Darga!” saur nu sarimbag pisan jeung Sekarwangi tina tonggong kuda. „Bejakeun ka Jayadipati, inyana teh teu boga wewenang nanaon di Sumedanglarangna. Pira semah. Naha kituh make jeung kumawani nanganan somahan sagala rupa?”

Jayadipati mungguh reup geuneuk ray pias mirengkeun kasauran retnayu kitu teh. Tapi teu lemek, anggur ngaleleper awakna sarta leungeunna ngadaregdeg bari apa-eupeu turta mencrong ka nu sasauran. Tapi retnayu apilain wae, socana ditujukeun ka prawira jajaka nu ngagendeng di gedengeunana, sarta saurna deui, „Sakali deui, Ki. . . Tepikeun ka Prabuanom Silalawi nu kiwari keur nyemah di Kutamaya; inyayna teu boga wewenang nanaon di dieuna teh. Ku kituna buru-buru undur kituh! Buru-buru bisi kami kaburu o mantén utah.”

„Unjuk sumangga!” walon prawira nu didarga-darga teh. Sopan naker. Geus kitu manehna ngenyed tali kadali sejana marek ka Ki Jayadipati nu harita gawena ngan ngembang kadu bari teu lemek teu nyarek.

„Kuring mah sangeuk carita jeung Ki Jaya,” saur retnayu deui, cing coba ku sampean taroskeun, aya nahaon kituh ieu teh bet geus riributan wayah kiwari?”

Nu ditimbalan malik ka Jayadipati nu harita ngajengjen bari nyanghareup ka nu anyar datang. Teu anggang ti anak-anak

buahna nu masih keneh taraki-taki satumbakna satumbakna. Barang mirengkeun kasauran retnayu kitu teh Ki Jaya mani reup geuneuk ray pias. Malah kadangueun pisan ku Rangga Malela, yen inyana mani kekerot jeungna meureup tipepereket. Pok wae nyarita pegat-pegat jeung bari arap-ap eureup-eup, tayohna wae lantaran bari maksakeun maneh meper amarah lantaran mirengkeun kekecapan retnayu.

„Tanjung!, buruk-buruk ge ieu teh papan jati. Na kunaon atuh ka kami teh nu matak sengit-sengit teuing?!”

„Darga!” saurna deui bari teu malire ka nu ngajak sasauran. „Ja, sampean nu jadi kapetengan urang karaton teh . . . Ja, sampean nu pangkapercayana boh ku ibu suri, boh ku sakumna pangeusi puri! Cing pariksa itu jalma anyar pinanggih anu tadi dirarubung ku Ki Jaya sabaladna teh! Jeung caritakeun ku sampean ka Ki Jaya, Darga! Kudu kaharti kituh, yen inyana di dieu teh semah! Teu wasa ngayakeun riributan nanaon!”

Kapetengan retnayu nu memang ngaranna Ki Darga maju sababaraha langkah. Barang geus padeukeut pisan manehna tuturubun tina kudana, sarta bari nyekel tali kadali ku leungeun kencana, manggut ka Jayadipati, pok wae naros, „Kadangu ta henteu ku dampal gamparan anu disaurkeun ku Nyai Ayu Sekar Tanjung bieu?”

Jayadipati ngabalieur. Keleweng gobang anu keur dikeukeuweuk teh dibalangeun. Tarik naker, malah sasat dibebener pisan ka nu boga. Tapi nu dibanting geus caringcing da geus kajudi yen Jayadipati bakal kitu peta. Pedang disambut perahna, teu kungsi lila geus merenah deui dina sarangkana.

„Tong waka sina ingkah, Darga!” saur Sekar Tanjung ka kapetenganana. „Ajak carita heula Ki Jaya teh, saha kituh ieu tamu teh? Da meureun inyana geus tatanya tadi, samemeh urang datang ka dieu.”

„Taros wae ku anjeun kadinyah!” Jayadipati murukusunu bari mendelik ka retnayu.

Ret Ki Darga ka dunungan. Nu direret unggeuk. Atuh srog wae inyana nyampeurkeun ka nu masih keneh mendeko dina ta-neuh. Pok naros, „Dahalal wae nun, mugi carita satarabasna: Saha

tea Ki Silah teh? Ti mana lembur matuh banjar karang pamidangan? Sareng numawi aya di nagara Sumedanglarang, . . . nahaon nya pikersaeun?"

Jawaban Pangeran Rangga Malela harita, teu bina cara anjeunna ngajawab ka Ki Jayadipati tadi. Yen anjeunna teh katelah Ki Nunggal. Asal ti Ujungkulon. Numatak anjog ka lebah dinya alat-an leumpang sakaparan-paran da puguh saendengna ngan ngalalana bae. Sarta kakara ge rengse sasauranana, jol ngong wae Jayadipati, „Tong diandel Ki. . . bireungeuh geura gobangna!"

„Kami teu naros ka andika, Jaya!" saur Sekar Tanjung bari molotot.

„Naha Nyi Putri bet kitu peta ka Prabuanom Silalawi?" Jayadipati heneg lain dikieuna. „Naha bet kawas lain teureuh ratu wae? Umaku ka semah anggang bet kawas ka jalma euwah-euwah. Pamali geulis, da awon-awon oge urang teh tunggal baraya?"

„Rea deungeun jadi baraya, jenuk dulur jadi satru kabuyutan, Jaya!" Retnayu nempas bari jut lungsur tina kuda. „Ari andika kawasna wae memang enya masih keneh tunggal kadang kula, tapi asana mah leuwih hade jadi satru. Teuing ku naon, Jaya! Kami teh ti baheula oge bet teu hayang mere hate ka andika tah. Malah taun tukang mah, basa ibu suri naros purun henteuna kami didahupkeun jeung andika, mani kukurayeun bulu punduk."

„Anu parantos mah atuh parantos wae, Geulis," ceuk Jayadipati deui bari garo-garo teu ateul. „Teu kedah haben-habenan dicokelan pamali matak pegat kabarayaan, matak tumpur duduluran!"

„Heueuh, da eta nu dipikahayang ku di dieu oge hayang pegat babarayaan. „Sekar Tanjung beuki sengit. Tapi bari kituna teh teu ieu ngareret ku juru soca. Anjeunna teh geus aya dipayuneun Sang Sunu pisan, ngadeg ngarendeng jeung Ki Darga. Pok wae mariksa, „Ki, naon wae nu diucapkeun ku sampean bieu, kuring percanten. Barina oge naon salahna kekecapan sampean cikenah teh. Jeung teu wasa deuih Ki Jaya haok polotot ka sampean, angot jeung tujang-tajong nanaon mah. Ngan punten wae, kuma kira-kirana mun ku kuring dideuheuskeun ka ratu, purun ta hen-teu?"

Dipariksa kitu ku Nyi Tanjung cong wae Rangka Malela nyembah. Atuh Nyi Putri katut Ki Darga oge kapaksa malik nyembah deui, da ilaharna kitu alam harita mah. Itu ieu sok silih sembah.

„Upami Sekar karaton aya maksud ngadastakeun abdi gampara ka sri ratu, sumangga teh teuing. Abdi gamparan istu bingah amarwata suta. Da memang leres paneja teh. Hoyong ngadeuheus ka ratu. Upami dikersakeun mah, abdi gamparan teh teu kinten hoyongna kumawula ka nu ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara.”

„Kantos sampean kumawula ka ratu samemeh anjog ka dieu?”

„Kantenan, malah upami dipercanten mah tos di dua karajaan abdi gamparan kumawula teh. Di Rajamandala sareng di Madiyalaya.”

„Naha atuh bet teu ceehan?”

„Marga abdi gamparan teu acan pinanggih sareng pangabetahan.”

„Kumaha kira-kirana di Kutamaya, bakal lana atawa hamo? Bakal aya pangabetahan atawa moal?”

„Leresan dinyana mah abdi gamparan teu tiasa nangtoskeun. Mung upami saban jalma di kadaton sapertos dampal gamparan sareng Ki Pamuk ieu mah, tangtos bakal lanana. Abdi gamparan tangtos bakal sosen-sosen kumawula. Dalah dugi ka iraha wae oge moal aya kereteg pikeun inah balilahan deui.”

„Saban jalma baroga rupa jeung wanda sorangan, Ki!” saur Sekar Tanjung barina imut sarta ngareret ka Ki Darga. „Atuh pon nya kitu deui bae jeung pikiranana. Itu ieu ge tanwande napsi-napsi. Ku kituna, tong ngarepkeun urang kadaton bakal someah umaku kawas kuring duaan. Ngan ieu bisi wae sampean purun, hayu urang ngadastakeun ka ratu. Ari ratu di nagara Sumedang-larang teh Dewi Kaliwati. Tegesna pawarang nu ti barang ditilar ku rama prabu teras nampi pusaka. Nya ti harita mah anjeunna anu jadi papayung nagara teh. Ibu kami pisan anjeunna teh.”

Pangeran Rangka Malela ngahuleng sawatara jongjongan barang mirengkeun kasauran Sekartanjung kitu teh. Anjeunna teu ieu nyangka sacongo buuk yen nagara dicepeng ku ratu istri. Teu

ieuh nyangka yen Prabu Ragapati nu jadi satru kabuyutanana teh geus perlaya. Atuh handeueul lain dikiueuna, da apan angkanan mah hoyong males pati hayang mulangkeun kanyeri ka nu geus numpur ludeskeun sakumna pamuk nagara Sumedanglarang kira-kira saparapat abad katukang. Ret wae anjeunna kana pameunteu Sekartanjung. Gebeg deui wae, da atuh mani sarimbag pisan jeung nu dikantun di Cikahuripan. Malah apan tadi mah mani jol teg wae, yan anjeunna pisan Sekarwangi teh. Ngan sanggeus mirengkeun nu silih tempas kakara kauninga, yen sihareng ieu mah Sekartanjung. Ku kituna ras anjeunna kana amanat Sekarwangi basa memeh pasalia ucap di sisi curug. Cenah anjeunna pohara diasih-na ku putri kadua di Padmawati. Cenah Sekarwangi teh seuweuna pangasuh karaton nu dina hiji mangsa kapaksa lunta katut biang-na ti nagara. Leng wae ngemut. Nyeh wae imut kanjut. Kagalih-eun ayeuna mah, yen eta putri teh Sekartanjung; jeung Sekarwangi teh adi lanceuk. Tapi naha ari Sekarwangi bet aya di pileuweungan? Naha ari Sekarwangi bet dirorok ku kapi toana pisan? Lebah dieu anjeunna poek.

"Kumaha Ki!. . . keresa ta henteu dideuheuskeun ka Ibu Suri?"

Teu talangke deui, celegedeg anjeunna ngadeg, cong deui nyembah, ari saurna, „Ngemutkeun kasaeaan dampal gamparan, sumangga abdi gamparan ngadeuheus ka tuang ibu di karaton, anamung abdi gamparan aya panuhun.”

„Naon kapalay teh?” Sekar Tanjung beuki someah wae. Budi-basana beuki mutuh pikalucueun.

„Upami abdi gamparan diparengkeun dipasih anu cabak di nagara, hoyong di lingkungan wadiabala perang. Sanaos yaktos abdi gamparan tacan aya luang, nanging abdi gamparan teh aya kabisa, nya eta tumpak kuda. Abdi gamparan teh nalika kumawula ka Ratu Madialaya mah jadi pamatang anu pohara kaanggona. Saban-saban ratu ngersakeun bubujeng abdi gamparan tara ieuh kening tebih ti anjeunna. Kajabi upami aya sato boroen anu sakira hamo gampang kabandangna ku pamatang-pamatang nu sanes-na.”

„Kuring percanten kana kasauran sampean bieu, da rupina

eta gobang anu disoren teh paranti sampean ngarubuhkeun uncal bari dibeledig tina tonggong kuda. Hanjakal mangsana bubujeng geus kalangkung, mun teu kitu mah sampean diuji teh di pamororan. Tapi di dieu oge jenuk pamatang anu rarikat jeung pararigel, di antarana itu tuh! Nu bayuhyuh ti Silalawi. Hanjakalna teh ari meunang sato boroan sok beunang ngepung ti unggal juru, meunang balarea ngasrek digiring ka lebah papanggungan.”

„Atuda kuda oge hamo kuateun heubeul-heubeul ditunggan ku anjeunna kabujeng beletok manten tulang tonggongna.”

Mirengkeun jalma anyar pinanggih nyarita kitu, ngan sirintil wae Jayadipati teh bari ngalugas gobang. Hiuk wae nyamber, dibebener kana lebah tenggek Sang Sunu, barina kitu teh anjeunna nyengor, „Perkara kabisa jeung kaparigelan, teu gumantung kana awak, deuleu!”

„Kantenan, kantenan teu gumantung kana awak”, saur Ranga Malela bari srog maju dua langkah. Awak Jayadipati dirapetan, kek wae kana pigeulang nu keur diheumbatkeun, terus dipari-euskeun meueusan, bari ditongtak. Klik wae gobang teh ragrag. Jayadipati nyengir, sabot nyengir hulu angenna dibadug ku siku, atuh he, wae disada. Bru wae rubuh bari utah uger. Sawatara jong-jongan mah inyana ngajelepeng teu eling-eling. Atuh anak-anak buahna maruru bari tumbakna tingsalulagrag, ti dituna mah seja bela pati ka dunungan, tapi dihuit ku Ki Darga sareng retnayu, malah saur retnayu mah, „Keun, tong arilubiung, tong boro maraneh atuh ratu maneh oge anu sakitu kasohor galak gakangna bet teu bisa mangga pulia.”

Para tamtama narurut mirengkeun kasauran Nyi Putri kitu teh, cul wae nu geus ngarubuhkeun pupuhu maranehana mah, terus wae ngarubung anu keur teu empes-empes. Sabot keur kitu Ki Semah dimanggakeun ku retnayu katut Ki Darga, dicandak ngadeuheus ka kadaton. Nu keur dirubung-rubung ku para tamtama mah teu ieu ditolih. Sasumpingna ka pangdeuheusan, retnayu unjukan ka ingkang Ibu, ditetek ti awal nepi ka ahir. Teu lali ngunjukkeun karepna Ki Semah nu matak didastakeun ka anjeunna. Boh ratu boh mangkubumi teu kaabotan, panuhun putri panengah ditampi. Ki Langkara mah teu lemek, karuhan ngeuyeuk dayeuh

ngiring ka Sang Sudewi. Basa Ki Jayadipati ngadoni, anjeunna ukur gumuyu. Ari saurna: jamak bae, bongan hidep sok tara boga pikir rangkepan.

Jayadipati teu lemek mirengkeun kapiramana sasauran kitu teh, tapi balukarna anu angkananana nganjangna di Kutamaya deuk mulan-malen teh, ku ayana kajadian kitu mah kapaksa dibolaykeun. Heuleut dua poe ti harita anjeunna amitan pikeun mulang deui ka lemah caina. Pribumi taya nu kaabotan, ari Nyi Tanjung mah mani teu sirikna jijingkrak basa ngadangu Prabuanom Silalawi amitan mulih teh, malah pok pisan sasauran, „Heueuh, kami teh bakal ngeunah sare ngeunah dahar ari inyana geus euweuh mah. Ngan iraha cenah deuk ngarungsing deui ka pamanna teh?”

Pangeran Rangga Malela nu ti barang anjog ka nagara nelahkeun diri Ki Nunggal, najan Nyi Tanjung adug songkol panuhun sangkan dijadikeun tamtama oge, ku ibuna katut mangkubumi teu digugu. Saurna mah da di Kutamaya oge jenuk pamuk endar pahlawan, teu mudu muyang ka jalma andar-andar. Dalah enya ge tapis ngagunakeun pakarang perang. Ngan parandene kitu oge anjeunna teu burung dipasih padamelan, ku pawarang dipernahkeun di patamanan. Disina jadi tukang kebon, purah ngaraksan gariksa pepelakan. Boh beurangna boh peutingna Sang Sunu teu kawidian nilar patamananana teh, malah ngarerebna oge dina saung ranggon wae, adegan jangkung nu ngahaja diadegkeun di sisi empang paranti pala putri katut saeusining puri ngalangeu.

Sanajan eta padamelan teh matak kesel, katurug-turug pirang-pirang alam ngotok ngowo di kebon sasat katalikung pisan, tapi Pangeran Rangga Malela pasrah tumamprak. Kana padamelan enyaan getenna nepi ka patamanan teh pohara laleningna. Pepelakan mararontod, padahal ti barang dipernahkeun di dinya nepi ka jalan dua tilu bulan teh, can kaparengkeun aya hujan sakeclak-keclak acan. Bari kituna teh anjeunna yakin, yen dina hiji mangsa mah tangtu ku urang karaton baris dipercanten pikeun nyandang pakarang perang saperti nu lian.

Satungtung jadi pakebon, sakali-kalieun mah osok oge anjeunna ditepangan ku Ki Darga, pamuk Kutamaya anu memang pohara pikaresepeunana. Akuan jeung hade budi, hanjakal tara

bisa heubeul-heubeul ngawangkong jeung eta jajaka teh. Meureun lantaran inyana arang langka minge tina pagawean sapopoe bubuhan nu meh saendengna ngan nilar nagara wae da puguh wadiabala Sumedanglarang arang langka reureuh tina peperangan. Ngan aya nu pohara matak betahna jadi pakebon teh, nyaeta lantaran meh saban waktu sok ditepangan ku sekar kadaton. Sekar Tanjung memang pohara tulatenna. Malah sok ngahaja ngarencangan mun anjeunna keur ngadedeluk didamel teh. Ngabeberah ku wawadul. Kadangkala retnayu teh meh sapoe jeput heubeulna ngarencangan di kebon. Seueur nu sok ditaroskeun, seueur deuih dongeng-dongengna oge. Tapi najan pok deui pok deui retnayu mariksakeun asal-usulna nu matak anjeunna kasasar ka Sumedanglarang, waleranana angger asal ti Ujungkulon wae. Datang ka Sumedanglarang istu kabeneran.

— oooOooo —



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA



Perpustakaan
Jenderal

8